ЕгъэджакIуэм и пщIэр яIэт

2-нэ нап.

Гъунэншэщ цIыхупсэм и гумащIагъэр

2-нэ нап.

Япэ адыгэ газетыр илъэси 100 ирокIуэ

3-нэ нап.

Цыхубзхэм хъуэхъуурэ саугъэтхIэ щаугъуэсэ махуэшхуэ

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГъЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГъЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№27 (24.465) • 2023 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 10, мэрем • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ

Анэдэлъхубзэм и быдапIэ

4-нэ нап.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iапэм къыдэритамкIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал дамыгъэхэр тыным и Iуэхукъ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Къахьа екъулIэныгъэхэм папщIэ икIи илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм къыхэкIыу цIэ лъапIэхэр яфIэщын

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и дохутыр»

Боттаевэ Любовь Владимир и пхъум- «КъалэкIо клиникэ сымаджэщ №2» узыншагъэр хъумэныжкIэ къэрал бюджет Iуэхущ Iапэм гинекологиемкIэ и къудамэм и унафэщIым, акушер-гинеколог дохутырым

Тутыкъу Ритэ Мамышэ и пхъум - Зеикъуэ къуажэм дэт «Район сымаджэщ» узыншагъэр хъумэныжкIэ къэрал бюджет Iуэхущ Iапэм и участкэ дохутырым-педиатрым,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ»

Къудей Джульетэ Хьэсэн и пхъум - Шэрэдж муниципальнэ районым «Жэмтхьалэ къуажэм Атэбий М. Къ. и цIэр зэрихьэу дэт курыт школ» курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт муниципальнэ кIэзонэ Iуэхущ Iапэм и унафэщIым,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм физкультурэмрэ спортымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ»

Григорьевэ Валентинэ Алексей и пхъум - Налшык къалэ округым и щIыналъэ администрацэм физкультурэмрэ спортымкIэ и управленэм и Iэщ IагъэлI нэхъыщхьэм.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и юрист»

Чеченовэ ФатIимэт Срэждин и пхъум - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Суд Нэхъыщхьэм и судыщIэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек

Налшык къалэ
2023 гъэм гъатхэпэм и 7-м
№18-УГ

Урысей - Ислъам дуней

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек хэтащ «Урысей - Ислъам дуней» зыфIащ, Стратегие зыужьныгъэмкIэ гупым и унафэщIхэр Ислъам зэдэлэжьэныгъэмкIэ зэгурыIуэныгъэм (ОИК) хьыхь къэралхэм я лIыкIуэхэм щахуэзэ зэIущIэм. Зэхуэсым къекIуэлIаxэр ирагъэблэгъащ УФ-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Хуснуллин Марат, УФ-м нэгъуэщI къэрал IуэхуэмкIэ и министр Лавров Сергей, Гупым и унафэщI Минниханов Рустам сымэ.

ЛАВРОВ Сергей къыщэхуэсахэм ягу къиГъэкIыжащ УФ-м и Президент Путин Владимир Ислъам зэдэлэжьэныгъэмкIэ зэгурыIуэныгъэм и зэхуэсу Малайзием щекIуэкIам къыщыщыпсалъэр мы гъэм илъэс 20 зэрырикъур. Абы щыгъуэщ Урысеймрэ ислъамыр щытепщэ къэралхэмрэ зэрызэдэлэжьэну мардэхэр щаубзыхуар, иджырей зэманым къигъэув къалэнхэм зэрыпэджэжьапхъэхэр яубзыхун папщIэ. Ислъам зэдэлэжьэныгъэмкIэ дунейпсо зэгухьэныгъэу 1969 гъэм къэунэхуам къэрал 57-рэ хохьэ. КъуэкIыпIэ Гъунэгъуэм, Азием, Африкэм щыщ къэрал 37-м я лIыкIуэхэр къакIуэлIащ зэIущIэм. УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым, Нэгъуэщ къэрал IуэхуэхмкIэ министерствэм, Президентым и Администрацэм, къэралым хьыхь щIыналъэхэм, дин лэжьакIуэхэм я Iуэху еплъыкIэхэр абдежым къыщагъэлъэгъуащ.

ЗэIущIэм къыщапщытэжащ 2022 гъэм Гупым иригъэжкIуэкIа лэжьыгъэр, мурадыщIэхэм тепсэлъыхьащ. Зи гугъу ящIыр накъыгъэм и 18 - 19-хэм трауха, «Урысей - Ислъам дуней: Къэзан зэхуэс» зыфIаща дунейпсо зэхьыхьэшхуэрщ. Iэтауэ утыку кърахьащ зэхуэсым и программэр, Ислъам зэдэлэжьэныгъэмкIэ зэгурыIуэныгъэм хэт псоми егъэблагъэ тхьилъэр хуагъэхьащ. Накъыгъэм и 19-м траухуащ «Урысей - Ислъам дуней» гупым и Зэхуэс щхьэхуэри. «Ар теухуауэ щытынущ Зэгухьэныгъэм хьыхь къэралхэ пэри щыIэзэкъылIэгъу Iуэхухэр, кIуэ пэтми зи мыхьэнэм хэхъуэ, цIыхум фIэщхъуныгъэрэ гъэсэныгъэкIэ къыдекIуэкIыпхъэхэр хъума зэрырыхуну щыкIэм. УФ-м а лъэныкъуэмкIэ куэд къехъулIащ щIыналъэ къэс лъэпкъ хъуГъуэфIыгъуэрэ дин зехьэкIэу бГъэдэлъым хэсэкъынымкIэ. Лъэпкъэр динкIэ дэкъуэзэныгъэ щымыгъэIэным тещIыхьауэ щыт зэпыту къокIуэкI абы и къэрал зехьэкIэр», - жаIащ зэхуэсыр къызэзыгъэпэщахэм.

Зэхуэсым къыщыщIэдзауэ, Урысей Федерацэм. Мы махуэр и щыхьэтщ Iейр лъэужьыншэу зэрымыкIуэдымрэ фIыр сытым дежи зэрытекIуэмрэ, - жаIащ Къумахуэм.

Къыдэхуэсахэм псалъэ гуапэкIэ захуигъэзащ Щыхуэм я хуитыныгъэхэр хъумэныжкIэ уполномоченнэу КъБР-м щыIэ **Зумакулов Борис**. Абы фIыщIэ яхуищIащ гъэ къэс фэеплъым дежи къыщыдэхуэс цIыхубзэм, апхуэдэуи хамэ щIыпIэм анэхэм я фэм дэкIа-хэм тепсэлъыхьащ. «Балъкъэр анэм и сабийр и ныбэр имыгъэныкъуэн, хамэ щIыпIэм жьэгу хуабэр щихъумэн папщIэ и псэ емыблэжу лэжьащ. Хуабжьу щIыхьыпхуэ яхуэфащщ абыхэм», - къыхигъэщащ Зумакуловым.

Балъкъэр лъэпкъым и щхьэ кърикIуа залымыгъэм ихьахэм дакъикъэкIэ яхуэщIа-пIэм и тхьэмадэ **Дзасэжь Хьэзрэталий** кърихьэлIахэм дыуэ яригъэщIащ. «Гуаузшхуэ зыгъэва ди къуэш лъэпкъым дыкъуэтщ нобэ. Иджы а зэманым къэхуа гущIыхьэр дигу къыщыдгъэкIыжкIэ, Тхьэм долъэIу апхуэдэ гуэзэгъуэ ди лъэпкъхэм афIэкIа я нэгу щIимыгъэкIыну», - жаIащ Дзасэжь Хьэзрэталий.

Къызэхуэсахэм фэеплъ сыным удз гъэгъахэр трапхьэ нэужь, мемориалым и кIуэцIым къыщыззрагъэпэща гъэлъэгъуэныгъэм еплъащ лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм къахэкIа цIыхубэр.

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек жаIащ иджырей IэмалхэмкIэ ягъэлажьэ, бжьыгъэр зи лъабжьэ доскахэр зэман кIэщIым къриубыдэу музей щIагъэувэну пщIэрэ зэращщIынур, балигъэхэми сабийхэми нэхъ тыншу, дIыхьэхыу тхьдэм зыщагъэгъуэзэнымкIэ ахэр зэрыщхьэпэнур.

НЭЩIэПЫДЖЭ Замирэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал дамыгъэхэр тыным и Iуэхукъ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Къахьа екъулIэныгъэхэм папщIэ икIи илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм къыхэкIыу цIэ лъапIэхэр яфIэщын

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и дохутыр»

Боттаевэ Любовь Владимир и пхъум- «КъалэкIо клиникэ сымаджэщ №2» узыншагъэр хъумэныжкIэ къэрал бюджет Iуэхущ Iапэм гинекологиемкIэ и къудамэм и унафэщIым, акушер-гинеколог дохутырым

Тутыкъу Ритэ Мамышэ и пхъум - Зеикъуэ къуажэм дэт «Район сымаджэщ» узыншагъэр хъумэныжкIэ къэрал бюджет Iуэхущ Iапэм и участкэ дохутырым-педиатрым,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ»

Къудей Джульетэ Хьэсэн и пхъум - Шэрэдж муниципальнэ районым «Жэмтхьалэ къуажэм Атэбий М. Къ. и цIэр зэрихьэу дэт курыт школ» курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт муниципальнэ кIэзонэ Iуэхущ Iапэм и унафэщIым,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм физкультурэмрэ спортымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ»

Григорьевэ Валентинэ Алексей и пхъум - Налшык къалэ округым и щIыналъэ администрацэм физкультурэмрэ спортымкIэ и управленэм и Iэщ IагъэлI нэхъыщхьэм.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и юрист»

Чеченовэ ФатIимэт Срэждин и пхъум - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Суд Нэхъыщхьэм и судыщIэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек

Налшык къалэ
2023 гъэм гъатхэпэм и 7-м
№18-УГ

● ЗэIущIэхэр

Къахохъуэ гъуэгу шынагъуэншэхэм

КIуэкIуэ Казбек хэтащ ЩIыналъэ зыужьныгъэмкIэ правительствэ комиссэм хэтхэм я зэIущIэу УФ-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Хуснуллин Марат иригъэкIуэкIам.

ЗЭIУЩIЭМ щытепсэлъыхьащ гъуэгу ухуэныгъэм. Къэбэрдей-Балъкъэрыр ящыщщ абы епха проектхэмрэ программэхэмрэ япэ иту зыгъэзащIэ хэгъэгуэм. Мы гъэм гъуэгуэр зэIуэпэщ щIыным сом меларди 4,1-рэ трагъэкIуэдэнущ, абы щыщу сом мелуан 772,4-р федеральнэ мылъкум къыхэкIынущ. Илъэсым и кIэм гъуэгущIэ километир 120-м щIигъу, ухуэныгъэ Iэрыщ Iу метр 260-рэ хьэзыр ящIыну хуагъэфащэ, километр 80 хуэдиз гъуэгубГъу ягъэнэхунущ.

«ГъуэгуфI шынагъуэншэхэр» лъэпкъ проектым, «ЩIыналъэщ, щIыпIэ мыхьэнэ зиIэ автомобиль гъуэгухэм зегъэужьын» федеральнэ проектым, «Къуажэхэм я зыужьныгъэ» къэрал программэм къызэщIаубыдэ лэжьыгъэхэр республикэм щокIуэкI.

Ухуэныгъэ нэхъ инхэр щокIуэкI: Каменномост - Хьэбзэ, Старэ Шэрэдж - Жэмтхьалэ - Сукан-Су, Вольнэ Аул - Хьэсэней - Джэрпэджэж гъуэгухэм. Псом нэхъ япэ ирагъэщу, лэжьыгъэшхуэ иращIылIэу республикэм итыр Шэджэм-2 - Булунгу гъуэгуращ. Апхуэдэуи Хъущтэ-Сырт къыщегъэжьауэ Шэджэм псыкъелъэхэм нэс кIуэ гъуэгур нэхъ бГыуэ ящI. Ар нэхъ гугъущ, Iэщ IагъэлIэм шэджэмыпсым и Iуфэхэр ягъэбыдэ, гъуэгур гуимылъэсыкIын хуэдэу.

Гъуэгухэр зыхуэй щыхуагъаазэкIэ ягъэтэмэмхэм ящыщщ уэздыгъэхэр, дамыгъэхэр фIэдзэныр, гъуэгубГъухэр гъэбыдэныр, камерахэр гъэувэныр. Бахьсэн пхыкI Прохладнэ - Эльбрус, Зеикъуэ - Туфкарьер - Дыгъэмыхьуэ, Балъкъэр Апщэ - Мухол, Майска - Заречный - Ново-Ивановское щIыналъэ гъуэгухэм телъ лъэмыжжэр зыхуэй хуагъэзэнущ. Налшык къалэ уэрами 9 зэуэ щыззрагъэпэщыжьын щIадзэнущ. Ахэр Осетинскэ, Пятигорскэ, ЕтIуанэ Таман дивизэ, Щоджэным, Нэхущым, Калмыкъым, Мэзлом, Руставели сымэ я щIэхэр зезыхьэхэрщ. Прохладнэрэ Нарткъалэрэ я уэрам нэхъыщхьэхэри зэрагъэпэщыжынущ, апхуэдэ лэжьыгъэ щекIуэкIынущ къуажэ 20-м.

ЗэIущIэм къыщыкагъэщащ «ГъуэгуфI шынагъуэншэхэр» лъэпкъ проектым и фIыгъэкIэ, къэралым къыщыхъу ДТП-мрэ абыхэм зэкIуадэхэмрэ я бжыгъэр нэхъ мащIэ зэрыхъуар.

● Пэкlу

Сурэтыр **Елкъэн Артур** *трихащ.*

Залымыгъэм ихьахэр ягу къагъэкIыж

Балъкъэрхэм кIэлъыIэзэрахьа залымыгъэм и лей зытехьахэм я фэеплъ мемориалым деж гъатхэпэм и 8-м щекIуэкIащ лъэпкъыр я лъахэм зэрырашрэ илъэс 79-рэ зэрыхъум теухуа щыгъуэ пэкIу.

АБЫ хэтащ КъБР-м и Iэтащхьэ **КIуэкIуэ Казбек**, КъБР-м и Парламентым и УнафэщI **Егоровэ Татьянэ**, Правительствэм и Унафэщ **Мусуков Алий**, къэрал Iуэхущ Iапэхэм я унафэщIхэр, жылагъуэр, гъунэгъу республикэхэм къикIа хьэщIэхэр.

Пэкlур къызэIуихащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин**.

- Балъкъэр лъэпкъыр нобэ и хэку исыжщ, адрей лъэпкъхэми хуэдэу и псэукIэр иригъэфIакIуэущопсэу Урысей Федерацэм. Мы махуэр и щыхьэтщ Iейр лъэужьыншэу зэрымыкIуэдымрэ фIыр сытым дежи зэрытекIуэмрэ, - жаIащ Къумахуэм.

Къызэхуэсахэм псалъэ гуапэкIэ захуигъэзащ Щыхуэм я хуитыныгъэхэр хъумэныжкIэ уполномоченнэу КъБР-м щыIэ **Зумакулов Борис**. Абы фIыщIэ яхуищIащ гъэ къэс фэеплъым дежи къыщыдэхуэс цIыхубзэм, апхуэдэуи хамэ щIыпIэм анэхэм я фэм дэкIа-хэм тепсэлъыхьащ. «Балъкъэр анэм и сабийр и ныбэр имыгъэныкъуэн, хамэ щIыпIэм жьэгу хуабэр щихъумэн папщIэ и псэ емыблэжу лэжьащ. Хуабжьу щIыхьыпхуэ яхуэфащщ абыхэм», - къыхигъэщащ Зумакуловым.

Балъкъэр лъэпкъым и щхьэ кърикIуа залымыгъэм ихьахэм дакъикъэкIэ яхуэщIапIэм и тхьэмадэ **Дзасэжь Хьэзрэталий** кърихьэлIахэм дыуэ яригъэщIащ. «Гуаузшхуэ зыгъэва ди къуэш лъэпкъым дыкъуэтщ нобэ. Иджы а зэманым къэхуа гущIыхьэр дигу къыщыдгъэкIыжкIэ, Тхьэм долъэIу апхуэдэ гуэзэгъуэ ди лъэпкъхэм афIэкIа я нэгу щIимыгъэкIыну», - жаIащ Дзасэжь Хьэзрэталий.

Къызэхуэсахэм фэеплъ сыным удз гъэгъахэр трапхьэ нэужь, мемориалым и кIуэцIым къыщыззрагъэпэща гъэлъэгъуэныгъэм еплъащ лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм къахэкIа цIыхубэр.

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек жаIащ иджырей IэмалхэмкIэ ягъэлажьэ, бжьыгъэр зи лъабжьэ доскахэр зэман кIэщIым къриубыдэу музей щIагъэувэну пщIэрэ зэращщIынур, балигъэхэми сабийхэми нэхъ тыншу, дIыхьэхыу тхьдэм зыщагъэгъуэзэнымкIэ ахэр зэрыщхьэпэнур.

НЭЩIэПЫДЖЭ Замирэ.

● Узыншагъэ

IэмэпсымэщIэхэр къагъэсэбэп

Сымаджэхэм я узыншагъэр тэмэму зэфIэгъэувэжьным республикэм гулъытэшхуэ щыхуащI. Абы и лъэныкъуэкIэ Iуэхугъуэ пыухыкIахэр ягъэзащIэ. Псом хуэмыдэу лэжьыгъэшхуэ щрагъэкIуэкI Республикэ клиникэ сымаджэщым медицинэ реабилитацэмкIэ и къудамэм. Нэгъабэ и дыгъэгъазэ мазэм абы щагъэуващ «Lokomat» медицинэ комплексыр, ар цIыхум и IэпкълъэпкъыР хуиту игъэлажьэу хъужьынымкIэ дэIэпыкъуэгъу хъу Iэмэпсымэ зыбжанэу зэхэтщ.

ПСАЛЪЭМ папщIэ, комплексым хыхьэ «Экзоскелет» Iэмэпсымэр сабэпышхуэщ фIыкIэ къэзымыкIухьф хъуа сымаджэхэм хуэм-хуэмурэ я зекIуэкIэр зэтрагъэувэжьыныкIэ. Медицинэ оборудованэщIэмкIэ я узыншагъэр зэфIагъэувэжж инсульт зиIахэмрэ зи псантхуэхэм я лэжьакIэр зэтекIа сымаджэхэмрэ.

Медицинэ реабилитацэмкIэ къудамэр Лъынтхуэ узыфэхэм щеIэзэ щIыналъэ центрым и унэм хэтщ. Ар сыт и лъэныкъуэкIи сымаджэхэм я тыншыпIэм хуэщIауэ къызэгъэпэщащ, апхуэдэу иджыблагъэ абы щагъэуващ сымаджэхэр къызэрырашэкIын лифтыщIэ.

КъБР-м узыншагъэр хъумэныжкIэ и министр Къалэбатэ Рустам мы махуэхэм щыIащ Республикэ клиникэ сымаджэщым икIи зригъэлъэгъащ медицинэ реабилитацэмкIэ къудамэм и лэжьыгъэр зэрекIуэкIыр, Iэмэпсымэщ Iэр къызэрагъэсэбэныр. Министрым къыхигъэщащ ныкъуэдыкъуэхэм ягъуэт медицинэ дэIэпыкъуныгъэхэм я фIагъым хэгъэхуэныкIэ, абыхэм я щытыкIэр зымащIэкIэ нэхъ мыхьэуми тынш ящыщIыныкIэ оборудованэщIэм мыхьэнэшхуэ зэриIэр.

- Мы зэманым Республикэ клиникэ сымаджэщым медицинэ реабилитацэмкIэ и къудамэр Iэмэпсымэкlэ къызэрызэгъэпэщар федеральнэ клиникэ пажэхэм зыкIи къакIэрыхурхъым. Iэщ IагъэлIхэр Iэмэпсымэм зэрырилэжьэнум теухуауэ я Iэзагъэм хагъэхъуащ икIи 2023 гъэм и пэщIэдзэм щегъэжьауэ сымаджэхэм зыхуэныкъуэ Iуэхутхьэбзэхэр хуащIэ. Дэ иджы тхуэзэфIокI операцэ ящIа цIыхум и узыншагъэр нэхъ псынщIэу зэтеувэжьныкIэ дэIэпыкъуэгъу дыхуэхъуну. Абы и фIыгъэкIэ ар гъащIэм нэхъ псынщIэу хьыхьэжьфыныщу сымаджэщым щIатхыкIыжа иужь, - жаIащ министрым.

Апхуэдэу министрыр а махуэм щыIащ сымаджэщым микрохирургиемкIэ и къудамэми. Ар иджы щолажьэ Чэнджэщ щрат поликлиникэм и унэм и етIуанэ къатым. Къалэбатэм зыщигъэгъуэзащ къудамэм и лэжьыгъэр зэрызэтеублам, сымаджэхэми епсэлъащ.

ЩХЬЭЩэМЫЩI Изэ.

● Футбол

Фыдогъэблагъэ!

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэ. Япэ гуп. ЕпщIыкIубгъуэнэ джэгугъуэ
«Спартак-Налшык» - «Легион» ***(Мэхъэчкьалэ)***
Налшык. «Спартак» стадион.
Гъатхэпэм и 11.
Сыхьэт 14-м.

ЕгъэджакIуэм и пщIэр яIэт

ДызэрыщIагъуэзэщи, УФ-м и Президент Путин Владимир и унафэкIэ 2023 гъэр егъэджэныгъэ Iэнатlэм пыщIа Iэщlагъэлрылажьэхэм я илъэсу ягъэуващ. ЕгъэджакIуэмрэ унэтlакIуэмрэ я илъэсым зэрыпекIуэ фIыгъуэр зэпыщlэшхуэ Тэрч щыналъэм Щэнхабзэмкlэ и унэм иджыблагъэ щекIуэкlащ.

ЗЭХУЭСЫМ хэтащ Тэрч щыналъэм егъэджэныгъэмкlэ и къулыкъущапlэм и Iэщlагъэлlэкр, курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт Iуэхущапlэхэм я унафэщIэр, егъэджакIуэхэр, щэнхабзэмрэ спортымкlэ гъэсакIуэхэмрэ унэтlакIуэхэмрэ, егъэджэныгъэ Iэнатlэм и ветеранхэр, жылагъуэ зэгуфэныгъэхэм я пIыкIуэхэр.

Зэпыщlэ къыщыхъуихым, Тэрч щыналъэм щIыпlэ унафэр щызекъэныжкlэ и Iуэхущапlэм и унафэщI Дадэ Мурэед къыхиутэщащ Егъэджакlуэмрэ унэтlакIуэмрэ я илъэсыр къэралым зэрыхигъунэхукIар гуапэ зэрыщыхъур, Iэщlагъэм ирилажьэхэм пщIэ къахуищу, я гурыгIу-гурыщIэхэм къапэджэжу апхуэдэ жэрдэм къыззэрыхальхьам пщIэ зэрыхуищIыр.

- ЕгъэджакIуэм и лэжьыгъэм хуэфащэ пщIэ хэзгъэщIынкIэ къыззэрымыкIуэу гугъуу, апхуэдизкIэ абы и гуащIэдзкIэм жылагъуэм и щIэныгъэр епхащи. Абыхэм ди щIэблэм щIэныгъэ бгъэдалъхьэ, гъэсэныгъэ халъхь кIудейкъым, апIэ я зэхащIыкIым зрагъэубгъу, щIыхь гъэм щIапIыкI, хэкупсэу къагъэтэджи. ЦIыхум ещхькIэрэ тхэкIэкIэ и щIэныгъэр щIы хъунукъым, а есэныгъэхэр щIыззэрихьэ Iуэхугуэхэр езым хуэдэхэм хуэмышхьэпэмэ, псэуныгъэм зиуэщIыныкIым хуэмылажьэмэ. Сыт хуэдэ щхьэусыгуэу хьэпIэ кIуэмылъми, гумрэ псэмрэ етауэ Iэнатlэм пэрытщ, и щхьэ Iуэхур къыззэренэкIри, лэжьыгъэм хуэм хуей гуащIэр трегъэкIуадэ. ЕгъэджакIуэр адэ-анэм пщащ, жысIэмэ, егъэлея хэлъыну къыщIэкIынкъым. Ди егъэджакIуэхэм я

гу къабзагъыр, псэ хьэлэлагъыр, жумартагъыр, щIэныгъэр, акъылыр зэрыщIыту къызэщIэнкъуэмэ, хьугъуэфIыгъуэзышхэщи, насыпщ абы ди щIэблэр хэIэбэу къыхихыну Iэмал зэриIэр. Ар къэгъэнаэ, фIыгъуэшхэщ къыщIщIэкъуэ щIалэр зэрыгъэлъагъэм я псор щысэтехыпIэ зэрахуэхъур, езыхэми гъащIэм щIыпхашыну гъуэгум ахэр щапхъэу щызэрахьну Iэмал зэраIэр. Ди щIыналъэм и егъэджэныгъэ Iэнатlэм фIыуэ зиужьащ иужьрей илъэхэм. Ар зи фIыгъэ ди егъэджакIуэхэм я къарур мыкIуэщIу, я зэфIэкIым хэхъуэу, я гъэсэн цIыкIуэхэм зыIэрагъэхьэ екъулIэныгъэфIэхэм жылэрэ хэгъэгуу дригушхэу куэдрэ лэжьэну си гуапэщ», - жиIащ Дадэ Мурэед.

ГуфIэгъуэ дауэдапщэхэр Тэрч щыналъэм и егъэджэныгъэ Iэнатlэм пэрытхэм я дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъэт. Нобэкlэ Джылахьстэней щыгум щIэблэм щIэныгъэ етыным цыхьэ 823-рэ толажьэ. Дэтхэнэ зыри и Iэщlагъэм хуэпэж, абыкIэ хъуэхь лъагэ зиIэ цIыкIуэ, къыхиха гъуэгум захуэу зэрыриIуэным хущIэкъуэ, я зэфIэкIым зэпымычу зэрыхагъэхъуэным иужь иту. Тэрч щыналъэм щыщ егъэджакIуэхэр хэгъэгупсо, урысейпсо, дунейпсо зэхьэзэхуэхэм щIэх-щIэхыуэ нос, текIуэныгъэхэр къыщIадж, пашэныгъэр щыхьIэрагъэхьэ. ЕгъэджакIуэри зэIэзэрыбуныр мэлажьэ, абы и щыхьэтщ дэнэ зэпеуи ахэр къыхэжаныкIыу зэрыщIытыр, утыку щихьэкIэ, зыр зым и щIэгъэкъуэну хьэрхуэрым зэрыхэтыр.

Зэпыщlэм курыт хузхъуа зы Iузхуэгъуэ дахэм ублэкI хуэнукъым. Егъэджэныгъэ Iэнатlэм зэрыныгъуэгъэ пэрытхэр зэпыщlэм щагъэлъэпIащ, я щIэри гуапэу къыщIаIуащ. Апхуэдэщ, псалъэм и хьэтырыкI, Курп Ипщэ (Исльамей) къуажэм щыщ Къуэкъуейхэ, Теркескэ (Болэтей) къуажэм щыщ ЛIэужьхэ, Хьэмидей (Хьэпщlей) жьлэм щыщ Фочыщlэхэрэ Хэтъхъуэкуэ, Арыкъ (Борыкъуей) щыщ Шонтыкъуэ, Тэрч къалэм щыщ Хомутенкэхэ я унагъуэхэр. Мыбыхэм Iэнатlэм иратар купщIэкIэ гъэнщIа къэлэсбзэкъэм я закъуэкъым, атlэ я гъащIэр щхьэузыхь хуащIащ щIэныгъэрэ гъэсэныгъэрэ зыхэлъ сабий акъылыфIэхэр къэгъэтэджыным, гъащIэм лъэбакъуэ узынщIэхэр щызычыну щIэблэ гъэсэным. Я фIыщIэр мыухыжщ, я щхьтхьр инщ абыхэм.

Зэпыщlэшхэм кIуриубыдэу Тэрч щыналъэм щIыпlэ унафэр щызекъэныжкIэ и Iуэхущапlэм, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм, КъБР-м и егъэджэныгъэ Iэнатlэм и щылажьэхэм я зэгуфэныгъэм, жылагъуэ зэгуфэныгъэхэм къабгъэдэкI фIыщIэгуапэ тхьылъэр егъэджакIуэхэм, гъэсакIуэхэмрэ унэтlакIуэхэмрэ иратащ, тыгъэ лъапIэхэмкlэ къыхагъэщащ.

Зэпыщlэр я кIуэдзкъэ Тэрч щыналъэм и щэнхабзэ лэжьакIуэхэм я гъэпIэгъуэныгъэхэмкlэ: утыку къыхьащ ныбжьыщIэ къэфакIуэ гупкэр, уэрэдхэр адыгэбзэкIи, балъкъэрыбзэкIи, урысыбзэкIи щыIуащ.

Тхыгъэри сурэтри
ШУРДЫМ Динэ *ейщ.*

● Фэеплъ

Беслъэнейхэм къахэкIат

Адыгэ лъэпкъым къыхэкIащ, бгъэщIагъуэ пэтми, къыпхуэмыIуэтэну цIыху телъыджкъэр. Ди куэдщ дохутыр Iэзэхэр, сурэтыщI тельыджкъэр, щIэныгъэлI щэджащэхэр, дзэпщ хахуэхэр. Апхуэдэу, сыт хуэдиз зэман дэкIами, цIыхум яIуры-лъынущ Нартанэр (Кисловодск) къалэ дэт Ставрополь къэрал медицинэ академием и вертеброневрологие (тхыщIэ узыфэхэмкIэ) клиникэм илъэс куэдкIэ и унафэщIу щыта, Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс, Адыгэ республикэхэм я цIыхубэ дохутыр, ЩIэныгъэхэмкlэ Дунейпсо Адыгэ Академием (ЩIДАА) и академик, Белгород и къэрал университетым, Кишинев и къэрал медицинэ университетым щIыхь зиIэ и профессор, ЩIэныгъэхэмкlэ Молдовэ академием и академик Пий Адэлджерий (Анатолэ) и цIэр.

АР ДУНEЙ псом къыщаджыхуу, и цIэмрэ и хъыбарымрэ езым япэ иту, щIыхь тхылъу къыхуагъэфащэмэ щIэ лъапIэу къэфIащащ. Ди гъэм щIэныгъэ щIалэ щIыкIуэр ди гъуэсу япIащ, абыхэм я адэ-анэр репрессием ихьати. Атlэ, ди къуажэжьу Бэчмырзей хьэблэр унагъуэ 67-рэ хъуу арат. 19-нэ лIощIыбуэм и 70 гъэхэм адыгэр хэкум щрагъэшым щыгъуэ зи насып кърихьэкIыу къагъэнахэм къатехъуIыжауэ арат аxэр. Ди къуажэм и цIэр фащащхъуэ Тыркум massыжьу щыIэу сощIэ, псалъэм къыдэкIуэу жаIэрэ щи. Ди къуажэм нэгъуэщIу Шыуан гъуэгукIэ йоджэ. Сыту жыпIэмэ, 19-нэ лIэщIыбуэм илъэхэм ди къуажэм блэкIыу гъущI гъуэгу тралъхьауэ щытащ. Ар къэхъуи ипэ ефэнды гуэрыкI чыгапыкI къыдалъхьащ. Ар ди къуажэм нэгъуэщIу щIадзэу, емынэм зэрихуэу зыгуэр къэхъуэнущ» жиIэу. НтIэ, беслъэней лакъуэм дакъыхэкIащ Лийхэ. Сэ ди лъэпкъым и тхыдэр икъукIэ ящуу зджащ икIи къэзэрыкIэкIари мыпхуэдэущ... Пщыхэр зэныкъуэкъуэ щIадзэу, адыгэ щIыналъэр щIэзэхуэгуэшьжьым щыгуэ, Къаноку-къуэ Бэчмырзэ и унэкъуэщ зыбжанэ щыгуэу Пышэ (беслъэнейкэр Псыжь зэреджэр аращ - авт.) Iуфэкlэ Iэпхъуащ икIи жьлэу тIысыжащ. 1861 гъэм, пщылIыпIэр щагъэкIуэдыжам щыгъуэ, ермэлыхэр ди къуажэм къэкIуэжауэ щытащ. НэгъуэщIхэм жаIэу зэрызэхэсхьжамкIэ, абыхэм щымахуэм псым жор хагъэувэрти, мажуий дауэдапщэкэр ирагъэкIуэкIыр. Ар ди жьлэм дэсхэм ямыдэу, зызэщIакъуэри, щIыпIэр ябгынащ икIи километритхукIэ ипщэкIэ дэIэпхъуеящ. Дауэ мыхъуами, Бэчмырзей къуажэ щыгум и диныр, хабзэр, хьэлыр, щэныр яхьумэжащ, къэзакъ, ермэлы гупым къажьуреихьауэ зэман куэдрэ псэуа щхьэкIэ къэмынэу. Мис а километритхур махуэ хэсс тIукIэ гъэбзэгуэуэ скIууэ щытащ - дыздэIэпхъуам сыкъикIыурэ, дыбгыне къуажэм нэс еджапIэм сыкIуэрти. Къапщтэмэ, махуэм тIэу щытезгъаэз къэхъуащ, сэ еджэным нэмыщI нэгъуэщIхэми зыхуэзгъасэрти, псынщIэу унэм сыкIуэжырт, сышэрти, тезгъэзэжырт. Сэ аращ си тхыдэр, ар зыщыIэри пхуэзыжьыкъым икIи сропагэ беслъэней лъэпкъым сыкъыззэрыкъым икIи сопагэ беслъэней лъэпкъым сыкъыззэрыкъым. Иджыри зыщIэдзащ ЩIДАА-м хэтхэр къызэдауэ Лийхэр абазэщ, жаIэри. Ауэ сэ абыхэм «Си къэушым и щхьэ-дыхьэрт, щыпхъуитI тщIыгъуу. ИтIанэ си анэ дэлъхьи и зы щIалэрэ пщIащэ щIыкIуэр ди гъуэсу япIащ, абыхэм я адэ-анэр репрессием ихьати. АтIэ, ди къуажэжьу Бэчмырзей хьэблэр унагъуэ 67-рэ хъуу арат. 19-нэ лIощIыбуэм и 70 гъэхэм адыгэр хэкум щрагъэшым щыгъуэ зи насып кърихьэкIыу къагъэнахэм къатехъуIыжауэ арат аxэр. Ди къуажэм и цIэр фащащхъуэ Тыркум зы жьлэ щIыIэу сощIэ, псалъэм къыдэкIуэу жаIэрэ щи. Ди къуажэм нэгъуэщIу Шыуан гъуэгукIэ йоджэ. Сыту жыпIэмэ, 19-нэ лIэщIыбуэм илъэхэм ди къуажэм блэкIыу гъущI гъуэгу тралъхьауэ щытащ. Ар къэхъуи ипэ ефэнды гуэрыкI чыгапыкI къыдалъхьащ. Ар къэхъуи ипэ ефэнды гуэрыкI чыгапыкI къыдалъхьащ. Мыуэрысу сэ зыращ щIэсар курсым. Иджыпсту абы музей щысхуэуухуащ, кьалэм щIыхь зиIэ срихьэщIэщ, пщIэ къыскъуащ. АтIэ, ежьапIэм сыкIыщIэсым, сэр нэмыщI къуажэм зы докутыр дэстэкъым, ди гъунэгъу къуажэхэми, Бэчмырзеймэ сымаджэ щыIэмэ, си деж занщIэу къагъакIуэрт. Ялэ семестрым сыщыщIэсым къакIуэу щIадзакIт. Нобэ хуэдэу сощIэж, жэщым зы-гуэр сымэджамэ, жэмыр зэрыдахуу, сыхьэтитхум къагъакIуэрт. Ди анэм «TIэкIу вгъажей, ешащ тхьэмыщкIэр» жиIэрти, дигъэкIыжырт. Жеин сирикIуэр сыкъэтэджмэ «Нуриет къэкIуат. Залымхэм къэкIат» зэрыжиIэу, адэкIэ къыпищэнур къызгурыуэрти, къуажэкIэм сынэсырт щэщIэм сымэджкам селъэзэну, сыдэIэпыкIэну.

1962 гъэм еджапIэ нэхъыщIхьэр къыщыхъуам къуажэр ди деж щызэхэсуэ щытащ, ягъэльапIэну, къызэхъуэхьуну. Абыхэм я нэгум зыкIэ зихьэжати, махуитI дэкIмэ армэм сызэрыраджэмкIэ хъыбарегъащIэ тхылъыр Iэнэм щахутеслъхьам! Армэ нэужьым тэлайкIэ сыплажьэри, Ставрополь дэт медицинэ институтым сыщIэтIысхьащ.

Молдовэм и иджырей президентми, абы ипэ щыIами я щхьэ къызэхьэлIауэ щытащ, я узынщIагъэм къыщIигъэдзыхэм. Иужьрей, сыкъыщIалъхуа махуэм ирихьэлIэу абыхэм къысхуагъэкIуауэ щытащ лIыкIуэ зыбжанэ, къэрал оркестрыр ящIыгъуу. Горбачёв Михаили, Ельцин Борис сеIэзащ. Михаил Москва сыплажьэри, Ставрополь дэт клиникэ къыщыхсхуэIуихыну сыкъинтагъуэу куэдрэ сригъаджэ, ауэ сэ сыхуейхэм си лъахэм сиIэпхъукIыну. Абыхэм къыщынэмыщIа, си щIалэмэ щыIэу къызэрыгуэкI куэд, къыщысщыгугъыпти, си лъахэгъуэм, лъэпкъэгъуэм сапэгъэнгъэумэ, къысхуэйм гугъуэрхьыншэу сыкъигъуэтыфмэ нэхъ къэсщтащ.

Зи тхыдэм фIыуэ щыгъуазэ дэтхэнэ адыгэмэ ищIэу къыщIэкIынщ ди лъэпкъым и пасэрей медицинэр жьыкъэ нэсауэ зэрыщытар, узынщагъэм, Iэзэным текуауэу щIэныгъэшхуэ зэрабгъэщIэлъар. МедицинэмкIэ къыддэзгъэкIа тхылъым итщ «Адыгэхэм я медицинэ» зы лекцIэ кIыхь. Дауи, а щIэныгъэхэр сэри къызэгъэсэбэп. ЩIДАА-м и академик, пщIэ им зыхуэсщI цIыхуб тельыджкъэ кьытхэтщ адыгэ лъэпкъым - Бэчыжь Лейлэ. Абы и къуэр сымаджэ хьэлъэу щытащ. Иджы дыдэ дунейм ехьажащ тхьэмыщкIэр. Сэ зэи сыщIэупщэнукъым Лейлэ къызжиIауэ щата псалъэхэр: «Иужьрей илъэс пщыкIутIым уэращ си къуэр зыгъэнсуар. Ту зыльыстаращи, уи Iэзэкъэ Iэмалхэм адыгэ медицинэр нэхъ къыхобелджыныкI». Сэ ар икъукIэ си гуапэ хъуат ар.

Сэ къэд щIауэ сыщIохьэупс ди клиникэм нэхъри зезгъэубгъэну, ди Iэмалхэмрэ зэфIэкIымрэ хэзгъэхъуэну. ПлъэпIэу сиIэр а зыращ. ЗэрыжаIэщи, ар си иужьрей уэрэду цIыхубэм яжесIэну сыхуейщ...».

Дохутыр Iэзэу, щIэныгъэлI тельыджкъэ яцIыхуэ Пий Адэлджерий и цIэр зэхэсхьку си нэгу къыщIоувэ щэджагъуашхэ ищIу еджапIэм жэрыжэкIэ зыгъэзэжи, щIэныгъэм си гур хуэхъабзэ, къызыхэкIа лъэпкъым пщIэ хуэзыщI, адыгэпсэ зыIут щIалэ цIыкIур. Абы нэгъуэщIхэм срегъэпIпIэ гъащIэм, цIыхухэм, лъэпкъым.

КъыхуигъэщIат ар медицинэм и закъуэ мыхъуу, адыгэ щIыхьри и Iэтыным!

ФЫРЭ Анфисэ.

● КъБР-м и Прокуратурэм

Тхьэусыхафэм хоплъэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокурор Хабаров Николай ГъатIхэпэм и 6-м цIыхухэм яхуэзащ.

КЪЕКIУЭЛIА цIыхуи 10-м зэрызыкъыхуагъэзахэр ехьэлIат уголовнэ Iуэхухэм щыхэпIэкIэ, ахэр щIэзыгъэкIкIэ хуэфащэ гулъытэ щыхуамыщI, уголовно-процессуальнэ законодательствэм къыгъэувэхэм щытемыт, Iуэхухэм щыпхэпIэкIэ судхэр хабзэм щытекI, абыхэм я унафэхэр щамыгъэзащIэ къыззэрыхуэм, нэгъуэщIхэми.

Б. зощхьэгъусэхэм я тхьэусыхафэр теухуат уголовнэ Iуэхур щызэхагъэкIым законодательствэм къыгъэувэхэм текIуэ, я къэр жэуапым зэрыраащэлIам.

Н. тхьэусыхащ езыр зыхэта гъэзгу-транспорт къэхъуакIащIэм ехьэлIа уголовнэ Iуэхум теухуауэ - абы и материалхэм щыхэпIэм КъБР-м щыIэ МВД-м следствэмкIэ и Iэнатlэм и бгъэдыхьэкIам арэзы къызэримыщIам къыхэкIыу.

Жыг хадэ зэгухэпIэгъэм хэтхэм къагъэлъэгуащ я унафэщIыр хабзэм зэребакъуэр икIи хабзэхъумэ ораганхэм абы ехьэлIауэ зыри зэрамыщIэм.

Зэрызыкъыхуагъэзахэр зэхэсхьыныр прокуроры пщэрыльъ ящищIащ и къуэдзэхэмрэ прокуратурэм и аппаратым и Iанатlэхэм я унафэщIхэмрэ. Хабаровым и нэIэ тетынущ ахэр зэрагъэзащIэм.

Дунейм щыхъыбархэр

Зэпсэлъэныгъэхэрщ хэкIыпIэр

США-м щыщ экономист щIэрыIуэ Макмейкен Райан иджыблагъэ жиIащ Украинэм и Iуэхукlэ екIуэкI зэныкъуэкъыр зэрируихкIэ хъунум теухуауэ къызэрыпIэ къэралхэр къагъэлъэгъуэ еплыкIэхэр зыри пэж зэрымыхъуар. Абы къыхигъэщащ Урысейм Европэм и щылъэныкъуэр иубыдыну ягъэхъыбарахэр ГъабжьэншэУ къызэрыпIэкIар.

«УРЫСЕЙМ иращыIла санкцIэхэм абы и экономикэр, зэрыщIигугъуэу, къыгъэтIэсхъакъым. Къэрал куэдым а зэныкъуэкъум хуаIэ бгъэдыхьэкIэхэр зэтехуэрэкъым, шыр и Iыныкъуи хэхауэ зубыдауэ щытекъым», - къыщигъэлъэгъуащ абы аналитикэ центрым папщIэ игъэхьэзыра тхыгъэм. Экономистым дыщIигужащ зэпэщIэуэвэныгъэр къэгъэзывыIэныжмкIэ Iэмал нэхъыщхьэр зэпсэлъэныгъэхэрауэ зэрыщытыр.

Апхуэдэ дыдэ еплъыкIэ а Iуэхум хуиIэщ Индиием и премьер-министр Моди Нарендрэ. Ар щыжиIащ ФРГ-м и канцлер Шольц Олаф и Гъусэу зыхэта пресс-конференцым. Абы къыхигъэщащ пандемиемрэ украинэ зэныкъуэкъымрэ къырикIуахэр дуней псом зэрыщыщыхащIар икIи къэралхэм я экономикэ зыужьныныгъэм зэран зэрыхуэхъур.

«Украинэм зэпэщIэтныныгъэм щыщIидзэ дыдэм Индиием тригъэчныныхьащ зэпсэлъэныгъэхэр къэралатIым яку къыдэхъуа зэныкъуэкъум и зэныкъуэкъум хуаIэ бгъэдыхьэкIэхэр зэтехуэрэкъым, зыгуфIыкIыу, - жиIащ Моди.

Зы илъэс хъуащ Урысейм Украинэм щригъэкIуэкI дзэ Iуэху хэхам зэрыщидзэрэ. А лъэхъэнэм къуриубыдэу ди къэралым и цIыхухэмрэ я щIэныгъэ щIэблэм я щIыналъэхэм я илъэсу ягъэуващ. ЕгъэджакIуэмрэ унэтlакIуэмрэ я илъэсым зэрыпекIуэ фIыгъуэр зэпыщlэшхуэ Тэрч щыналъэм Щэнхабзэмкlэ и унэм иджыблагъэ щекIуэкlащ.

ЗЭХУЭСЫМ хэтащ Тэрч щыналъэм егъэджэныгъэмкlэ и къулыкъущапlэм и Iэщlагъэлlэкр, курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт Iуэхущапlэхэм я унафэщIэр, егъэджакIуэхэр, щэнхабзэмрэ спортымкlэ гъэсакIуэхэмрэ унэтlакIуэхэмрэ, егъэджэныгъэ Iэнатlэм и ветеранхэр, жылагъуэ зэгуфэныгъэхэм я пIыкIуэхэр.

Зэпыщlэ къыщыззэIуихым, Тэрч щыналъэм щIыпlэ унафэр щызекъэныжкIэ и Iуэхущапlэм и унафэщI Дадэ Мурэед къыхиутэщащ Егъэджакlуэмрэ унэтlакIуэмрэ я илъэсыр къэралым зэрыхигъунэхукIар гуапэ зэрыщыхъур, Iэщlагъэм ирилажьэхэм пщIэ къахуищу, я гурыгIу-гурыщIэхэм къапэджэжу апхуэдэ жэрдэм къыззэрыхальхьам пщIэ зэрыхуищIыр.

- ЕгъэджакIуэм и лэжьыгъэм хуэфащэ пщIэ хэзгъэщIынкIэ къыззэрымыкIуэу гугъуу, апхуэдизкIэ абы и гуащIэдзкIэм жылагъуэм и щIэныгъэр епхащи. Абыхэм ди щIэблэм щIэныгъэ бгъэдалъхьэ, гъэсэныгъэ халъхь кIудейкъым, апIэ я зэхащIыкIым зрагъэубгъу, щIыхь гъэм щIапIыкI, хэкупсэу къагъэтэджи. ЦIыхум ещхькIэрэ тхэкIэкIэ и щIэныгъэр щIы хъунукъым, а есэныгъэхэр щIыззэрихьэ Iуэхугуэхэр езым хуэдэхэм хуэмышхьэпэмэ, псэуныгъэм зиуэщIыныкIым хуэмылажьэмэ. Сыт хуэдэ щхьэусыгуэу хьэпIэ кIуэмылъми, гумрэ псэмрэ етауэ Iэнатlэм пэрытщ, и щхьэ Iуэхур къыззэренэкIри, лэжьыгъэм хуэм хуей гуащIэр трегъэкIуадэ. ЕгъэджакIуэр адэ-анэм пщащ, жысIэмэ, егъэлея хэлъыну къыщIэкIынкъым. Ди егъэджакIуэхэм я

зи щIыб къытхуэзыгъэза къэралхэр куэдми, лъэпкъым, къэралым и пашэм хуэзуващ цIыхубэр. ИгьащIэм къэмыхъуауэ, жылагъуэр зэкъуэт ищIащ мы Iуэхум, Путиныр зэрыдаIыгъ Iэмал Iэджэ къагупсысащ. Арагъэнщ къэрал унафэщIым и зэрыпэхуэгъаззэм къыщыкIигъэщIэкIри, и лIыгъэм зэрыхэхъуэри, и гукъыдэжьым зыкъыззэриIэтри интернеткIэ кърахьэкI видеохэм кьощ. Арыншауи хъунукъым. Дэ щхьэж тхузэфIэкIымкIэ дадэIэпыкъун хуейщ зауэ губгъуэм итхэмрэ щхьэкIэ зэлэтым и щIэблэм щIэныгъэ щIалэ щIыкIуэр ди ныбжьыщIэ зэзэгъэнэхкIэ гур хегъахьэу. Иджыблагъэ Псыгуэнсу дэкIа щIалэхэм я адэ-анэхэр, щхьэгъусэхэр къуажэ клубым щызэхэущIэсри, игъэфIащ, и мылъкум псапэ хитыкIащ а жьлэм щыщ къулыкъущIэ пажэ Хьэсанэ Руслан.

Руслан мы Iуэхур къыззрежьэрэ зауэлIхэм яхуимыщIэ щымыIэу защIегъакъуэ, зэт сыт хуэдэ гуныкъуэгъуэкIэ зыхуигъаззми, игъэщIэхъуркъым. Иджы адэ-анэхэр, щхьэгъусэхэр, сабийхэр зэхуищIэри, псалъэ гуапэ захригъэхащ, щIалэхэр псэууэ къыззрагъэззэжьынымкIэ фIэщагъэныгъэ яхиль хьащ. Апхуэдэ щапхъэу рестуликэм илъыр къыпхуэупытэнукъым, дэрипсори къытхуэзащIэкъэунукъым. Ауэ мыпхуэдэ зэрыльIгъыныгъэм, зэдэIэпыкъуныгъэм, зэрыльIэтэныгъэм гур игъэкIуэдыркъым зэманыр гугъуэм.

Гур къыдэзышей псалъэхэмкIэ щIалэхэр зэдащIым кIуэуэрэ захуегъазэ ди республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек. Ар зыбжанэрэ щыIащ Украинэм и хэгъэгухэм. КъызыхкIа лъэпкъым емыльытауэ, ди лъахэм икIа щIалэхэм псалъэ гуапэ яжреIэ, зыхуэныкъуэхэр зрегъащIэ, я унафэщIуэхэм нэмыщI, къуажэхэрэ, лъэпкъхэрэ зыхуэкъулейр зэхуахьэсурэ ирагъашэ. Уеблэмэ, я къуажэгъуэмрэ ныбжьэгъуэхэмрэ якIэлъыкIуэр мащIэкъым. Къэхъун къуажэ щыщ альпинист цIэрыIуэ, Iуащхьэмахуэ къудрэ дэкIуэ, адэ-анэкIэ гуныкъуэгъуэ ямыIуу я къулыкъур ирахьэкIын папщIэ къэкIыгъанэркъым къэрал унафэщIми, республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбеки. Абыхэм я псэуКIэр тынш щащIын щхьэкIэ хуэгъэзэкIуатэ куэд къыхуагупсыса, къэралым и мылъкуу щIыхуэ зытелъхэм хуагъэгъуащ, тыншу, хуабэу, зыхуей ягъуэту псэун щхьэкIэ Iэмалу щIэкъуэ къыкъуэзрагъэпэщащ. Ар къалэжьащ абыхэм, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, Iмахьужь ягъэсащ.

Сэлэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ я нэIэ зэрытетым и мызакъуэу, дзэ Iуэху хэхам зэрыщIидзэрэ ди къэралыр щIэщIыгъуэ къэхъуащ. Ар хуабжьу зыгъэгъуэтащ. Ар къалэжьащ абыхэм, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, Iмахьужь ягъэсащ.

Сэлэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ я нэIэ зэрытетым и мызакъуэу, дзэ Iуэху хэхам зэрыщIидзэрэ ди къэралыр щIэщIыгъуэ къэхъу

Япэ адыгэ газетыр илъэси 100 ирокъу

1923 гъэм гъатхэпэм и 8-м къыдэкIауэ щытащ хьэрып алыфбейкIэ тха «Адыгэ макъ» япэ адыгэ газетыр. Зи бжыгъэкIэ 500 хъууэ къыдэкIа япэ номерыр зыIэрыхьа цIыхухэри зэрыхьа унагъуэхэри хуабжьу щыгуфIыкIащ абы - ди бзэкIэ тха газетым и гъуэгур зэIуха хъуат. Абы щыгъуэм цIыхухэм яхуэгъэза джэпсалъэу Хьэхъурэт Щыхьэнджэрий итхыгъат: «ЧеркесыбзэкIэ тха газетым и япэ номырыр къыдэкIащ, етIуанэ номерыр ягъэхьэзыр. Газетыр гъэхьэзырыным цIыхубэр хэлэжьыхьын хуейщ, ар псоми ялъэгъэIэсыныр щIыпIэ органхэм я пщэрылъщ. ЛъэпкъыбзэкIэ газет къызэрыдагъэкIыр игъуэу къызэрилъытэм къыхэкIыу, хэку исполкомым унафэ ещI газетыр къызэрыдэкIым и хъыбарыр цIыхухэм зэхегъэхын, гуныкъуэгъуэу яIэр газетым къатхын, цIыхухэми Iуэхущ IапIэхэми Iэ традзэн, газетыр мазэм тIэу къыдэгъэкIын зэрыхуейм теухуауэ».

Дэфтэрхэм къызэрыщыгъэлъэгъуэжамкIи, япэ лъэпкъ газетыр къыдэгъэкIыным елэжьахэм я гукъэкIыжу ди деж къэсахэм къызэрыхэщымкIи, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, журналист, публицист цIэрыIуэу щыта Хъуаклуэ Заур зэритхыжымкIи, гугъуехь мащIэкъым пылъар мы Iуэхур къызэрагъэпэщыным.

Япэ газетыр зыгъэхьэзырауэ щытар а лъэхъэнэм тхэным зезыпщыта, иужькIэ тхакIуэ цIэрыIуэ хъуа, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща КIэрашэ Темботт. Абы итхыжащ: «А лъэхъэнэм Краснодар дэт политехникэ институтым сыщеджэрт, абы щыгъуэщ «Интернационал»-р щызэздзэкIауэ щытари. Ар къызэращIэу хэку исполкомым сашащ, Хьэхъурэт Щыхьэнджэрийрэ Цуамыкъуэ Хьисэрэ «Интернационал»-р зэрызэздзэкIар ягу ирихьати, апхуэдэу адыгэбзэкIэ тхыгъэхэр зытетын газет къыдэгъэкIын зэрыхуеймкIэ дызэгурыIуащ, икIи абдежым щыдубзыхуащ «Адыгэ макъ» цIэр фIэщын зэрыхуейр. Хьэрып хьэрфкIэ абы къытеддзэнухэр стхын хуейуэ пщэрылъ къысхуащIати, ар зэфIэзгъэкIа нэужь, къалэ литографием щытредгъэдзэну дызэгурыIуащ икIи абы япэ экземпляр 500 къыщыдэкIащ!».

Апхуэдэу гъуэгу кIыхь техьащ цIыхухэм фIыуэ ялъэгъуа лъэпкъ газетыр. Абы и япэ номерым

КIэрашэ Тембот зэридзэкIа «Интернационал»-р къызэрытрадзар щIэджыкIакIуэхэм гуапэ лей ящыхъуат.

Япэ «Адыгэ макъыр» нэкIубгъуиплI хъууэ къыдэкIащ. Ди бзэкIэ узэреджэфыр, узэрытхэфыр, къэралым щекIуэкI Iуэхум зыщыбгъэгъуэзэну Iэмал къуэзэритыр абы наIуэ ящищIащ цIыхухэм.

ИтIанэ апхуэдэ къежьапIэ зыгъуэта Iуэхушхуэр адэкIи зыгъэкIуэтэн мымащIэу къыхэкIащ лъэпкъым. Зи нэ къэзызыгъэплъагъащIэ сабийм илъагъур зэрыфIэмащIэм хуэдэу, лъэкIэ теувэ газетым къыхуеплъэкIхэм я бжыгъэм хэхъуэрт. Абы и цIэр щызэблахъуа къэхъуами, зыхуэлажьэ, лъэпкъым хуищIэ Iуэхум зэи хэщIакъым.

1926 гъэм мазаем и 3-м къыдэкIа номерым «Адыгейская жизнь» цIэр иIащ. Ари нэкIубгъуиплI хъурт, япэмрэ етIуанэмрэ - урысыбзэкIэ, ещанэмрэ еплIанэмрэ - адыгэбзэкIэ тхыгъэхэр тедзат. 1929 гъэм лъэпкъ газетым и цIэр аргуэру зэблахъу - «Гъубжэрэ уадэрэ». Ар тхьэмахуэм щэ къыдэкIыу зэтраублат. Абы иужькIэ, 1931 гъэм гъатхэпэм и 1-м, адыгэ газетыр «Колхоз бэракъ» фIэщыгъэцIэр иIэу дунейм къытехьащ. Абы и тиражыр 7880-м нэсырт. ИтIанэ «Социалистическэ Адыгей» цIэр иIэу газетыр илъэс 63-кIэ къыдэкIащ. 1991 гъэм щIышылэм и 1-м щегъэжьауэ аргуэру «Адыгэ макъыу» къыдокI.

Газетыр зэфIэувэн папщIэ зи гуащIэ хэзылъхьа куэдым я цIэ къиIуапхъэщ. Хэку зауэшхуэм ипэ, иужь илъэсхэм абы щылэжьа журналистхэм я цIэр куэдым ящIэ. А зэман жыжьэм газетым щылэжьахэр акъыл жан зиIэ, щIэныгъэ зыбгъэдэлъ цIыхухэт. Куэдым я мурадрэ лэжьыгъэфIрэ къызэпиудащ Хэку зауэшхуэм. Къалэм зыгъэтIылъу Iэщэр къэзыщта журналист мин бжыгъэхэм яхэтащ лъэпкъ газетым и лэжьакIуэхэри. Журналист 14 зауэм и мафIэм Iухьэри, хэкум, лъэпкъым я пащхьэ щаIэ пщэрылъыр ягъэзэщIащ.

Лъэпкъыми газетми сыт хуэдиз щытхъу къахуихьа адыгэ газетым щылэжьа усакIуэ ныбжьыщIэ Андырхъуей Хъусен! Илъэс тIощIым иту арат ар, усэ купщIафIэ куэд къызыпыкIыну къалэмыр IэщэкIэ щихъуэжам. ЛIыгъэшхуэ щызэрихьащ Хъусен Хэку зауэшхуэм икIи «Совет Союзым и ЛIыхъужь» цIэр къыфIащащ.

Къыхэгъэщыпхъэщ адыгэм къыхэкIа цIыху цIэрыIуэ куэдым «Адыгэ макъ» газетыр «кIыщ» зэрахуэхъуар. Илъэс зэхуэмыдэхэм газетым щылэжьащ тхакIуэ цIэрыIуэхэу КIэрашэ Тембот, Хьэткъуэ Ахьмэд, Пэрэныкъуэ Мурат, МэшбащIэ Исхьэкъ, Къуиикъуэ Налбий, Багъ Нурбий, Нэхей Руслан, Хъурмэ Хъусен. Апхуэдэуи газетым и лэжьакIуэу щIэныгъэм и гъуэгур хэзышар мащIэкъым, щIэныгъэхэмкIэ кандидат, доктор, профессор, академик хъуа куэдым я къежьапIэр «Адыгэ макърации». Илъэс зэхуэмыдэхэм газетым и редактор нэхъыщхьэу щытащ Хьэткъуэ Ахьмэд, Андырхъуей Жантемыр, Лъэбыщэ Хьэзиз, Барцо Хьэрун, Шэртэн Хьэмед, Мерэтыкъуэ Рэмэзан, ХьэщIэмыз Биболэт, Къуиикъуэ Асфар, Бэгъущэ Аэзмэт, ПIэтIокъуэ Аслъэн, Дербэ Тимур сымэ. Иджыпсту а къулыкъур егъэзащIэ МэшлIокъуэ Саидэ.

Газетыр зэманыр къызэрыщ гъуджэщ. Адыгэ лъэпкъым къикIуа гъуэгуанэр, абы и гурыгъуи и гуфIэгъуи тетащ «Адыгэ макъым». Лъэпкъ щэнхабзэр хъумэнымкIэ, лъэпкъыбзэм зегъэужьынымкIэ, адыгэ литературэр зэфIэувэнымкIэ, адыгагъэр къэIэтыжынымкIэ, ахэр ди нобэрей псэукIэм быдэу хэпщэнымкIэ мыхьэнэшхуэ егъэзащIэ лъэпкъ газетым. «Адыгэ макъым» блэкIа зэман жыжьэм зэфIигъэкIахэмрэ нобэ илэжьхэмрэ усэ хуэщIыгъуейщ. ЦIыхухэр дахагъэм, захуагъэм, гущIэгъум хуэущииным, лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм къахэкIауэ республикэм исхэм я зэхуаку зэгурыIуэныгъэрэ зэкъуэшыныгъэрэ дэлъыным, хэкум мамырыгъэ илъыным газетыр сыт щыгъуи хуолажьэ икIи хуэлэжьэнущ лъэпкъыр щыIэху.

Гъуэгуанэ кIыхь къикIуащ газетым ди анэдэлъхубзэр, хабзэр, тхыдэр, щэнхабзэр хъумэным, цIыхухэм хъыбарыщIэхэр ялъэгъэIэсыным телажьэу. Ноби зэманым къытхуихь зэхъуэкIыныгъэщIэхэр и тегъэщIапIэу мэлажьэ, и къалэн нэхъыщхьэхэр къызыхуэтыншэу игъэзащIэу.

ШЫПШ Даянэ.

● ГукъэкIыж

Ди лъэхъэнэм апхуэдэ щыIакъым

УФ-м ЛэжьыгъэмкIэ и ЛIыхъужь, Адыгэ, Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм я цIыхубэ тхакIуэ МэшбащIэ Исхьэкъ газетым зэрыщылэжьам теухуа и гукъэкIыжхэм фыщыдогъэгъуазэ:

- «Адыгэ макъым» илъэси 5-кIэ сыщылэжьащ сэ. Япэ дыдэу стха усэр 1949 гъэм къытрадзат абы. ИужькIэ я лэжьакIуэ щыхъуам, районхэр щIэх-щIэхыурэ къызэхэткIухьырт. ЕхъулIэныгъэхэми, никъусаныгъэхэми, парт лэжьыгъэми дытетхыхьырт, жанр зэмылIэужьыгъуэхэр къэдгъэсэбэпурэ.

Зы махуэ гуэрым щIалитIым я гъусэу командировкэ сыкIуащ, напэкIуэцI гуэр дгъэхьэзырын хуейуэ. ПэтIыуащIэр комсомол лэжьакIуэти, дыздэкIуахэм я пэшыбжэхэр хузэIухат, псоми заIуигъащIэри, и упщIэхэм я жэуапхэр итхащ. Сэ тхылъеджапIэм, клубым сыкIуэри, щэнхабзэм ехьэлIауэ щIыналъэм щекIуэкI Iуэхухэр зыхуэдэр зэзгъэщIащ. Си лэжьыгъэр зэфIэкIа нэужь, машинэм ситIысхьэжри, сапэплъащ щIалэхэм. Езыхэри къекIуэлIэжащ. Иджыри къэс машинэм сиса я гугъэу къыщызэупщIым яжесIащ, си Iуэхухэр псынщIэу зэрызэфIэкIар.

Дыкъэсыжри, жэщым стхыжауэ щытащ къэсхьэлIауэ хъуар. Ахэр пщэдджыжьым редакцэм схьащ икIи ди редактор нэхъыщхьэм - Андырхъуей Джантэмыр - естащ. Ар хуабжьу ягъэщIэгъуащ си гъусэу командировкэ нэкIуа щIалэхэм.

Андырхъуейм дызэхуэгубжьу идэтэкъым, хэт сыт жиIэми, Iуэхур дахэу зэфIихырт. Нэхъ цIыхуфI дунейм теслъэгъуакъым. Зэман телъыджэщ сэ сыщылэжьар. Адыгэ тхакIуэ куэдым къыщыщIадзащ «Адыгэ макъым»: КIэрашэ Тембот, Жэнэ Къырымыз, Къуиикъуэ Налбий, Iэщын Хьэзрэт, нэгъуэщIхэми. Я гуащIэшхуэ халъхьащ газетым Фэджэ Мыхьэмчэрий, Хъуаж Исмэхьил, Бэджэнэ Иляс, Аулъэ Сарэ, Тхьаркъуахъуэ Юныс сымэ.

Газет журналистикэр телевиденэми радиоми ещхькъым. Сэ газетым сызэрыщылэжьам и фIыгъэ къызэкIащ - абы уи псалъэр епсыхь, псынщIэу Iуэху пщIэуэ урегъасэ.

Нобэ газетыр зэманым декIуу къызэрыдэкIым гу лъумытэу къанэркъым. КъэхъукъащIэхэм сурэт нэрылъагъухэр я гъусэу и чэзум къытрадзэ. Дэ ди лъэхъэнэм Iэмалу щыIар мащIэщ, иджы а псори гухэхъуэу къегъэсэбэп газетым. Ди Iэтащхьэм зэрыжиIам тету, цIыхухэм ящIэр дахэу къигъэлъэгъуэн хуейщ адыгэ газетым. Ахэращ республикэр ипэкIэ зыгъэкIуатэр.

МЭШЛIОКЪУЭ Саидэ:

Абы щыгъуэщ дыкъыщцызэтенэнур

«Адыгэ макъ» республикэ газетым и лэжьыгъэ купщIафIэхэмкIэ Адыгейм и мызакъуэу, гъунэгъу хэгъэгухэми къыщацIыху, и тхыгъэ гъэщIэгъуэнхэр къуэш республикэхэми щызэIэпах, хамэ къэрал куэдым адыгэ щIэджыкIакIуэхэр щиIэщ.

Лъэпкъ газетым къыдэкIын зэрыщIидзэрэ илъэси 100 щрикъум ирихьэлIэу, дэ упщIэ зыбжанэкIэ зыхуэдгъэзащ абы и редактор нэхъыщхьэ, Урысейм и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм хэт, Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и журналист МЭШЛIОКЪУЭ Саидэ. «Адыгэ макъым» къикIуа гъуэгуанэм, нобэ и Iуэху зыIутым, щылажьэхэм я зэфIэкIым, газетымрэ Интернетымрэ я къызэдекIуэкIыкIэм теухуа и гупсысэхэмкIэ къыддэгуэшащ ди лэжьэгъур.

- Саидэ, 1923 гъэм гъатхэпэм и 8-м дунейм къытехьауэ щытащ япэ адыгэ газетыр. А лъэхъэнэм ар лъэпкъым дежкIэ ехъулIэныгъэшхуэт. Нобэ сыт хуэдэ мыхьэнэ иIэ республикэм къыщыдэкI «Адыгэ макъ» газетым икIи сыт хуэдэ пщIэ щиIэ щIэджыкIакIуэхэм я деж?

- Илъэси 100-кIэ узэIэбэкIыжмэ, адыгэ лъэпкъым газет иIэ зэрэхъуар и мыхьэнэм къыпхуэмылъытэным хуэдизщ. «Адыгэ макъым» япэ редактор нэхъыщхьэ хуэхъуар Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща тхакIуэ КIэрашэ Темботт.

Къэрал унафэкIэ газетым къыдэкIын щIидзащ икIи зы лIэщIыгъуэ хъуауэ ди лъэпкъым, и тхыдэм и гъуджэу къогъэгурыкIуэ. Ди зэманми газетым и мыхьэнэр хэхъуэ зэпытщ. Республикэм, къэралым къыщыхъухэм, ехъулIэныгъэхэм тетхыхьым и мызакъуэу, адыгэбзэр, адыгэ щэнхабзэр хъумэным, зегъэужьыным ар хуолажьэ. Тхыгъэхэр адыгэбзэ къабзэкIэ, лъэпкъ нэщэнэхэр къыхэщу, пэжыр я лъабжьэу къытохуэ. Хъыбар нэпцI куэд къыщекIуэкI иджырей дунейм абы мыхьэнэшхуэ щиIэу къызолъытэ.

- Фи газетым и зэхэлъыкIэм и гугъу къытхуэщIыт. Сыт нэхъыбэу фи нэIэ зытетыр?

- «Адыгэ макъыр» тхьэмахуэм 5 къыдокI, напэкIуэцIий хъууэ. Бэрэжьейхэм телевиденэм и программэр урысыбзэкIэ тхауэ дэлъу къыдыдогъэкI. ЗэрыжысIауэ, лъэпкъ щхьэхуэныгъэхэм гулъытэ хэха хуищIу, адыгэм и дунейм епхауэ сыт щыIэми ди нэIэ тету, республикэм и цIыху пэрытхэм, Адыгейр къызэрацIыхун хъугъуэфIыгъуэхэм, ди IэпэIэсхэм, зэчий зыбгъэдэлъ ныбжьыщIэхэм, республикэм и зыужьыныгъэм ятеухуахэр тыдодзэ.

Ди лэжьыгъэр къытщегъэпсынщIэ нэхъ гъэщIэгъуэн ящI ди республикэм къыщыхъухэм. Ди лъахэм зыплъыхьакIуэ къакIуэхэм я бжыгъэр иужьрей илъэсхэм хэхъуащ, хамэ къэрал куэдым цIыхухэр зэрамыгъакIуэм къыхэкIыу. Абыхэм ди хэгъэгур къыхах, зэ къэкIуам иджыри къытезгъэзэжарэт жаIэ.

Адыгэ Республикэм и унафэщIхэм мы Iуэхум теухуауэ куэд зэфIагъэкI - зыгъэпсэхупIэу диIэхэм щIэхэр къахохъуэ, Лагъуэнакъэ зыхуей хуагъэзащ. Апхуэдэу лъэпкъ проектхэмрэ къэрал программэхэмрэ республикэм жыджэру щагъэзащIэ, абыхэм епха къалэн пыухыкIахэр АР-м и Iэтащхьэ КъумпIыл Мурат сыт щыгъуи къегъэув. Мис а псоми дытотхыхь дэ.

НапэкIуэцI хэхауэ къыдэдгъэкIхэм я гугъу пщIымэ, «Дыгъэ нэбзийхэр» сабийхэм папщIэ диIэщ, псэукIэм епха хъыбар гъэщIэгъуэнхэр щызэхуэхьэса напэкIуэцIщ «Упсэуну ухуеймэ» жыхуиIэри. КъищынэмыщIауэ, илъэсым щэ напэкIуэцIиплI хъууэ «Парламент хъыбархэр» ди газетым и гуэдзэну къыдогъэкI. Ар теухуащ Адыгэ Республикэм и КъэралыгъуэСовет - Хасэм и лэжьыгъэм, хабзэщIэу къищтэхэм.

«Адыгэ макъым» и еянэ нэкIубгъуэр сыт щыгъуи спорт хъыбархэм хухэхащ. Ди республикэм спортым зэрыщиужьымкIэ куэдым къахощ, спорт IуэхущIапIэхэм илъэс къэс къахохъуэ, спортым дихьэххэм я бжыгъэм хэхъуэ зэпытщ. Абы ипкъ иткIэ, дызытетхыхьын дызэрыгушхуэн Iуэху сыт щыгъуи диIэщ. Зы Iуэхугъуэ хэха гуэр япэ идгъэщу хабзэщ жысIэфынукъым, псоми зэхуэдэу ди нэIэ ятетщи.

- Саидэ, а псоми къадэкIуэу, «Адыгэ макъым» и лъэпIагъ нэхъыщхьэ дыдэу къэслъытэр адыгэбзэкIэ къызэрыдэкIращ. Сыт хуэдэ хэлъхьэныгъэ хуищIрэ газетым анэдэлъхубзэр хъумэным, лъэпкъыр лъэпкъыу къызэтенэным?

- Анэдэлъхубзэр хъумэнымкIэ лъэпкъ газетым и мыхьэнэр усэ зыхуэщIыгъуей Iуэхущ. Пэж дыдэу жыпIащ, псом нэхърэ нэхъыщхьэр ди газетыр адыгэбзэкIэ къызэрыдэкIращ. Бзэр тэмэму ящIэным, абы зиужьыным и щапхъэу щытщ «Адыгэ макъыр». Иужьрей зэманым куэд дыдэ къыхыхьащ ди псэукIэм, адыгэбзэ жыIэкIэ къыхуэбгъуэтын хуейуэ, ди бзэм къигъэзэгъапхъэу. Ахэр псори зэрызэддзэкIыным, урысыбзэр, хамэ къэралыбзэхэр нэхъ мащIэу къызэрыдгъэсэбэпыным иужь дитщ. Арации, иджырей адыгэбзэр, къэбгъэIурыщIэн щыплъэкIынур ди газетым уеджэмэщ. Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, еджапIэ нэхъыщхьэхэм щрагъаджэ «современный русский язык» дерсыр, абы къыдэкIуэу щыIэщ «иджырей адыгэбзи».

Зэманым дыдэбакъуэурэ докIуэри, дэ дыщеджам щыгъуэ лъандэрэ иджыри псалъэщIэ куэд къыхыхьащ ди бзэм, зэрыжысIауэ, гъащIэм къыхыхьэ псори анэдэлъхубзэм къыдогъэзагъэри. Апхуэдэу щыхъукIэ, лъэпкъыбзэм зедгъэужьу аращ. Ди редакцэм куэд щIауэ щылажьэ IэщIагъэлIхэр диIэщ, ахэр куэдым чэнджэщэгъу ящI. АР-м и Конституцэр адыгэбзэкIэ зэдзэкIыным хэлэжьыхьащ ди зэдзэкIакIуэхэри. ЕтIуанэ къэралыбзэу ди хэгъэгум къыщацтащ адыгэбзэр, абы ипкъ иткIэ, IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм Iуэху куэд адыгэбзэм къэрагъэтIэсэн хуейуэ я пащхьэ къоувэ. Абыхэм дэIэпыкъуэгъу ящыIыну дзыхь зыхуащIыр ди деж щылажьэхэращ.

- «Адыгэ макъым» илъэсищэр щигъэлъапIэр уэ редактор нэхъыщхьэу къулыкъум упэрыхьагъащIэу ирихьэлIащ, Саидэ. Сыт хуэдэ мыхьэнэ иIэ абы уи дежкIэ? Сыт хуэдэ зэхъуэкIыныгъэр хэплъхьэну уи мурад фи лэжьыгъэм?

- Пэжщ, жэуаплыныгъэ ин пщэрылъ къыпщещI апхуэдиз гъуэгу къэзыкIуа газетым урипашэным. Тхыдэ бей иIэщ газетым, цIыху пэрыт цIэрыIуэ куэдым мыбы лэжьэн щыщIадзащ, къыдэкIыгъуэр зэтеубла хъуным я гуащIэшхуэ халъхьащ. Абыхэм сахуэдэу сэ зыслъытэжыным сыпэжыжьэщ, зезгъэпщэнуи сигу ильъкъым. Ауэ срогушхуэ лъэхъэнэ куэдым къапхыкIа, бзэр зыгъэлъапIэ, лъэпкъ газетым и унафэщI къулыкъур къызэрысхуагъэфэщам. Шэч хэмылъу, къызагъэза дзыхьыр зэрызгъэпэжыным сыпылъынущ.

Иджыпсту зыгуэрым хэпщIыкIыу зегъэхъуэжын хуейуэ къэслъытэркъым, ауэ и теплъэкIи, и купщIэкIи лъэхъэнэм декIуу щытын хуейщ, шэч хэмылъу. Псалъэм папщIэ, тхыгъэхэр я инагъкIэ нэхъ цIыкIуу, ауэ купщIэ хэлъу, сурэтхэмкIэ гъэщIэрэщIауэ щытыпхъэщ. Дэ дыщыпсэур цIыхухэр куэд еджэну щыхуей зэманкъым. Иджыпсту нэхъ къыхахыр узэплъыныр нэхъыбэу, узэджэн хуейр нэхъ мащIэу щыт хъыбархэрщ. Дэри а жыпхъэхэм дыдекIун хуейщ.

Мы гъэм, ди газетым къыдэкIын зэрыщIидзэрэ лIэщIыгъуэ щрикъум, хьэщIэщ зэхыхьэхэр едгъэкIуэкIыу щIэддзащ. АР-м и Адыгэ Хасэр ди дэIэпыкъуэгъуу идогъэкIуэкI ахэр. Зэхыхьэхэр чэзууэ тыдоухуэ лъэпкъ Iуэхухэм, республикэм къыщыхъу-къыщыщIэхэм. Мазэм зэ дызэIуощIэ, дызытепсэлъыхьынухэм елъытащ къедгъэблагъэхэри. Иджыри къэс зэхыхьитI диIащ, ахэр адыгэ усэхэм, пасэрей лIыхъужь уэрэдхэм теухуауэ щытащ. Мы Iуэху дахэр зи гукъэкIыр редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэу щIэуэ къытхыхьа Тау Замирэщ. Ар нэхъапэми къытхуэтхэу щытащ, ауэ иджы къытхыхьэпащ. Замирэ илъэс 28-рэ хъуауэ журналистикэм хэтщ, «Адыгей» телерадиокомпанием щылэжьащ. «Редакцэм и хьэщIэ» Iуэхур дяпэкIэ абы и къалэну щытынущ. ЦIыхухэр къригъэблагъэурэ зи чэзу Iуэхухэм тригъэпсэлъыхьынущ.

- Ди щIэджыкIакIуэхэм нэхъ гъунэгъуу укъезгъэцIыхумэ си гуапэу, сыноупщIынут: куэд щIауэ ухэт журналистикэм, а IэщIагъэра узыхуеджар?

● Ди псэлъэгъухэр

- Сызыхуеджар журналистикэракъым, атIэ Адыгэ къэрал университетым адыгэбзэмрэ литературэмкIэ, урысыбзэмрэ урыс литературэмкIэ егъэджакIуэ IэщIагъэр щызэзгъэгъуэтащ. А лъэхъэнэм ди хэгъэгум журналистикэм щыхурагъаджэртэкъым. ЕджапIэ нэхъыщхьэр къыщызухым ирихьэлIэу Адыгейм телевиденэ къыщызэIуахауэ щытащ, абы щылэжьэнухэр къащтэу щызэхэсхым, си зэфIэкIыр згъэунэхумэ, сфIэигъуэу, сыкIуащ. ПцIы хэмылъу, сыдихьэхащ журналист IэщIагъэм. Илъэс 18-кIэ сыщылэжьащ абы, еджапIэ дэгъуэ схуэхъуащ. Иджыпсту журналистикэм зыгуэр хэсщIыкIыу щытмэ, телевиденэращ щызэзгъэщIар - хъыбарыр псынщIэу, эфирым ехъулIэу къэбгъуэтын, птхын, уеплъыжын, зэхэбгъэувэжын хуейт. А псори иджыпсту тынш хъуащ, продюсерхэр щыIэщи, псори къагъуэт, зыпащIэ, уэ укIуэн къудейуэ аращ уи къалэныр. Дэ ди зэманым а псори уэр-уэру зэфIэбгъэкIын хуейт, ауэ абы дипсыхьащ. Иджы илъэси 10-м нэблэгъауэ газетым сыщыIэщ. Редактор нэхъыщхьэ Дербэ Тимур дзыхь къысхуищIри, и къуэдзэу сыкъригъэблэгъат. Пэжыр жыпIэмэ, гуитI-щхьитI сыхъуат, газет лэжьыгъэм сызэрыщымыгъуазэм щхьэкIэ, ауэ мыбыи куэд щызэзгъэщIэжащ.

Къэппсэлъым нэхърэ нэхъ жэуаплыныгъэ ин пылъщ птхым. Ар лIэужьхэм къахуэнэнущ, тхылъеджапIэхэм щIэлъынущ, мытэрэзу тебдза щыIэмэ, пхутегъэкIыжынукъым. Птхым хуабжьу ухуэсакъын зэрыхуейм лъэщу ухуегъасэ. Си лэжьэгъухэми абыкIэ сахуэарэзыщ, адыгэбзэм и жыпхъэ лъагэхэм тету утхэфмэ, газетыр зыхуэбгъадэ хъун щыIэкъым.

- Уи унафэм щIэту лажьэ а гупым я гугъу уэзгъэщIыну. Журналист щIалэгъуалэ къыфхыхьа иужьрей илъэсхэм?

- Газетым нобэ щылажьэхэр пщIэ ин зыхуащI журналистхэщ, зи зэфIэкIкIэ щытхъу къэзылэжьахэщ. Илъэс 40, 50-м нэблэгъауэ Iутхэри диIэщ. Ди нэхъыжхэм ящыщщ жэуап зыхь секретарь ЖьакIэмыкъуэ Iэминат, зэдзэкIакIуэ къудамэм и пашэ Тхьэркъуахъуэ Сафиет, обозревателхэу Мамырыкъуэ Нуриет, ЕмтIылъ Нурбый, зэдзэкIакIуэ ЛIышэ Санет, сурэттех Iэщын Аслъэн. Апхуэдэу журналистхэм я Iэрытххэр тезыдзэ Нэшэ Светлани илъэс 40-м нэблэгъауэ мыбы щолажьэ, газет напэкIуэцIхэр зэзыгъэзахуэ Сет Фатими илъэсипщI бжыгъэ мэхъу и IэнатIэм зэрыпэрытрэ.

Нэхъ ныбжьыщIэу ди лэжьакIуэхэм яхэтхэри къызэрыуврэ илъэсипщIым щIигъуащ, ахэр - Тхьэркъуахъуэ Адэм, Хъут Нэфсэт, Iэщын Сусан, КIарэ Фатим, Делэкъуэ Анет. НыбжьыщIэхэм дахуэныкъуэщ иджыпстукIэ, интернетым щыдиIэ напэкIуэцIхэм зедгъэубгъуу, щIалэгъуалэ зытIущ лэжьакIуэ къэтщтэну ди мураду дахуэдэ мы махуэхэм.

- Къытебдзэ тхыгъэхэм къыпэджэжхэр щыIэмэ, зи гупсысэр газет напэкIуэцIым къыщызыгъэлъэгъуэну хуейхэм зыкъыпащIэмэ, пщIэ лэжьыгъэм мыхьэнэ зэриIэр къыбгуроIуэ, цIыхухэр зэрыхуэныкъуэр зыхыбощIэ. Фи журналистхэмрэ щIэджыкIакIуэхэмрэ зэпыщIауэ зэдэлажьэрэ нобэ, къыфхуэтхэ авторхэр фиIэ?

- Пэж дыдэщ. Газетым еджэхэр къатхэ щыхъукIэ, пщIэ Iуэхур зэрымыпсыхэкIуадэр къыбгуроIуэ. Апхуэдэхэр диIэщ, ди жылэхэм тхыгъэхэр къытхурагъэх, щIэх-щIэхыурэ къатхэу зи унэцIэр щIэджыкIакIуэхэм фIыуэ яцIыхухэри диIэщи, дахуэарэзыщ. Щыпсэу щIыналъэхэм щыхъыбархэм ятеухуауэ езыхэм къытхурагъэхь тхыгъэхэм нэмыщIи, дэ къытеддзахэм теухуауэ я гупсысэхэр къыщатх куэдрэ къохъу. Абыхэм ди газет напэкIуэцIхэр ягъэбей, уеблэмэ дыщызэпсалъэ утыку хуэдэу мэхъу.

КъищынэмыщIауэ, республикэм и цIыху цIэрыIуэхэу зэфIэкI ин зиIэхэр къызэрытхуэтхэм дегъэгушхуэ. УФ-м Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь, Адыгейм, Къэрэшей-Шэрджэсым, Къэбэрдей-Балъкъэрым я цIыхубэ тхакIуэ МэшбащIэ Исхьэкъ, АР-м и Нэхъыжьхэм я советым и тхьэмадэ ГъукIэлI Нурбий сымэ къытхуотхэ, щIэныгъэлIхэм я тхыгъэхэри, усакIуэхэм, тхакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэри къытохуэ ди газет напэкIуэцIхэм. Абы папщIэ литературэ нэкIубгъуэ хэха диIэщ.

Псоми зэуэ я гугъу тхуэщIынкъым. Ауэ къыхэгъэщыпхъэщ сытым дежи къытхуэтхэхэр дызэриIэр. Псалъэм папщIэ, Красногвардейскэ районым щыпсэу Пщыкъан Майе, Краснодар крайм и ТIуапсэ районым дэс Ныбэ Анзор (хы ФIыцIэ Iуфэм Iус шапсыгъхэм я хъыбархэр къытхуетх), Теувэж районми илъэс 50 хуэдизрэ къитхыкIащ Нэхей Рэмэзан.

- Ар хъарзынэщ, абы нэмыщIи, фи газетым и зэпыщIэныгъэхэр абдеж къыщыувыIэркъым. Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгейм къыщыдэкI «Адыгэ псалъэ», «Черкес Хэку», «Адыгэ макъ» адыгэ газетищыр илъэс 30-м щIигъуауэ зэдолажьэ, номер зэхэтхэр къыдагъэкI. Абы адэкIи къыпыфщэну фи мурад? Сыт хуэдэ сэбэпынагъ пылъ а къыдэкIыгъуэ зэхэтхэм?

- Мыхьэнэшхуэ иIэщ республикищым ди газетхэр зэрызэдэлажьэм. Абы нэхъ зэпэблагъэ дещI, зы лъэпкъыу дызэрыщытым щыхьэт тохъуэ, ди щэнхабзэр, бзэр зэдыдоIэт, хэгъэгухэми щыпсэу цIыхухэр нэхъ зэрыщIэнымкIэ сэбэп мэхъу. Ар Iуэху дахэу ди япэкIэ зэдащIащ «Адыгэ псалъэ» (КъБР), «Черкес Хэку» (КъШР), «Адыгэ макъ» (АР) газетхэм я редактору щыта Хьэфыцӏэ Мухьэмэд, Тхьэгъэпсэу Увжыкъуэ, Дербэ Тимур сымэ. Къэбэрдей-Балъкъэрми Къэрэшей-Шэрджэсми я газетхэм я илъэси 100-ри гъэ къакIуэ ягъэлъэпIэнущ. Абы щыщу илъэс 30-м дызэпыщIащ, ди мурадщ абы къыпытщэну. КъэкIуэн диIэн папщIэ, ар Iэмал хъарзынэщ. Къыхэзгъэщыну сыхуейщ: республикитIми къикIыу номер зэхэтхэм папщIэ къытIэрыхьэ тхыгъэхэр зэдмыдзэкIыу къытыдодзэ. Ар Дербэ Тимур къыхилъхьа унафэхэм ящыщщ, адыгэбзэм и беигъэр къигъэлъагъуэу, ди лъэпкъым и цIыхухэр нэхъ зэгурыIуэным къыхуэсэбэпу. Ар сэри къыдызощтэ, дяпэкIи апхуэдэу едгъэкIуэкIынущ.

- Зэманым зехъуэж, ди гъащIэм IэмалыщIэ куэд къыхохъэ. Интернетыр къызэрежьэрэ газетым и щыIэкIэм дауэ зихъуэжа?

- Интернет Iэмалхэр къызэрежьар нэхъ зэгуэуар газету традзэм и бжыгъэращ. Абы поштым къигъэув уасэр зэриныр къыхыхьэжри, ди щIэкIыджакIуэхэм яхэщIащ. Гугъуехь хэмылъу, тыншу хъыбархэр къаIэрыхьэмэ ядэу, газет хуэмыникъуэу къэзылъытэ куэд щыIэщ. Ауэ тхылъымпIэм тетыр нэхъ къыхэзыхыу, абы есахэри яхэтщ ди щIэджыкIакIуэхэм. Ахэр нэхъ ныбжь зиIэхэрауэ жыпIэ хъунущ.

Интернетым Iэмал къыует нобэ къэхъуар нобэ зэбгъэщIэну. Газетым къыпхуиIуатэр дыгъуасэ къэхъуаращ. Ауэ мыбдежым къыхэгъэщын хуейщ: газетыр тхыдэщ, ар архивым къыхэнэнущ, ари щыIэн хуейщ.

Мыри дыщIызгъуну сыхуейт: Адыгейм и ЛIыщхьэ КъумпIыл Мурат ди лэжьыгъэм мыхьэнэшхуэ ирет, и нэIэ къыттет зэпытщ. Абы и щыхьэтщ илъэс зыбжанэкIэ узэIэбэкIыжмэ, дыщылажьэ унэр зыхуей зэрыхуагъэзар, унэлъащIэ къэтщэхунымкIэ и сэбэп къызэрыдигъэкIар. Мы илъэсыр къыщыблагъэм ди лэжьапщIэр зыхэпщIэу хигъэхъуащ, ди махуэшхуэм ирихьэлIэу автомобилыщIэ къытхуригъэщэхуащ, газетыр къыдэгъэкIынымкIэ къытхуэсэбэпыну Iэмэпсымэщ Iэхэр къритщэхуну республикэ бюджетым мылъку къыхагъэкIащ. КъумпIыл Мурат къалэн къытщищIащ газетхэр цIыхухэм и чэзум яIэрыхьэн щхьэкIэ, поштым дызэрыдэлажьэр нэхъри едгъэфIэкIуэну. Абы иджыпсту иужь дитщ. Газетым техуэ уасэр дгъэмэщIэн папщIэ районхэм ар зэраIэрыдгъэхьэнур доубзыху. А псомкIи сэбэп къытхуохъу ди унафэщIхэр. Газетым и Iэ тедзэгъуэм цIыху нэхъыбэм ар яIэрыхьэнымкIэ сэбэп къытхуэхъуу диIэщ Адыгейм и тхьэмадэу щыта, псапащIэ цIэрыIуэ Щэумэн Хьэзрэт, сенатору Хъупсрокъуэ Мурат, УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм Адыгейм къыбгъэдэкIыу депутату щыIэ Резник Владислав сымэ.

- Уэ узэреплъымкIэ, хъыбарегъащIэ Iэмалхэр зэмылIэужьыгъуэ куэд щыхъуа лъэхъэнэм, тхылъымпIэм тету къыдэкI газетым сыт къыпэплъэр?

- Пщэдейрей махуэ диIэн щхьэкIэ, тхылъымпIэм тету къыдэкIхэр тхъумэн, социальнэ сетхэми жыджэру дитын хуейщ, ди бзэм, ди хабзэм теухуахэр тIуатэу, лъэпкъым дахагъэу бгъэдэлъыр дгъэбагъуэу. Мы лъэхъэнэм Интернетыр кууууэ къыхыхьащ ди гъащIэм, ар хуабжьу къагъэсэбэп.

Илъэс зыкъом хъуауэ, «Адыгэ макъым» и сайтым нэмыщI, социальнэ напэкIуэцIхэр дыщиIэщ Телеграм-каналым, Одноклассники, ВКонтакте сетхэм, абы нэмыщI иджыри зы канал щIэуэ Телеграмым къыщызэдгъэпэщащ - «Хэкум и макъ». Газетымрэ электрон хъыбарегъащIэ Iэмалу диIэхэмрэ зэзыпх QR-кодхэр «Адыгэ макъым» и япэ напэкIуэцIым тетщ, зыфIэгъэщIэгъуэн псори абы занщIэу ихьэфынущ, телефон камерэр трагъапсэ къудеймэ. Абыхэм урысыбзэкIи, адыгэбзэкIи, тыркубзэкIи хъыбархэр дгъэхьэзырурэ къыдолъхьэ.

«Хэкум и макъым» адыгэбзэмрэ тыркубзэмрэ къыщыдогъэсэбэп. Ар нэхъыбэу зыхуэлажьэр хамэ къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэращ. Нэхъыщхьэу республикэм и зыужьыныгъэм, лъэпкъ Iуэхухэм, къэхъукъащIэхэм, ди цIыху пэрытхэм ятеухуащ абы къитлъхьэхэр. Адрей напэкIуэцIхэм урысыбзэр нэхъ идогъэбзэкI, адыгэбзэри хыдогъэхьэ. НэгъуэщI лъэпкъхэри ди хъыбархэм еджэн, ди газетыр яцIыхун папщIэ едгъэкIуэкI Iуэхущ ар.

Дызэрыс къэралым къытхуигъэув къалэнхэм елъытауэ, Адыгейм щызэфIах Iуэхухэм, ди лъэпкъым и дахагъэм, и хабзэхэм, республикэм и зыужьыныгъэхэм, ди цIыху цIэрыIуэхэм, нэгъуэщIхэми дыщытопсэлъыхь ди напэкIуэцIхэм. А псор нэгъуэщIхэми едгъэщIэн хуейкъэ?! Аращ социальнэ сетхэм урысыбзэкIэ дыщIитхыхьыр. ТхылъымпIэм тедзари интернетри зэхуэдэу къэгъэсэбэпын хуейуэ соплъ. ИтIанэ кIуэдыжынукъым апхуэдиз мыхьэнэ зиIэ газетыр. Илъэси 100-р - гъунапкъэкъым.

- СыткIэ захуэбгъэзэнт газетеджэхэм?

- Газетеджэхэм захуэзгъазэмэ, жысIэну сфIэигъуэр мыращ: фи анэдэлъхубзэр щыIэну, ар хъума хъуну, фи щэнхабзэр, хабзэр, тхыдэр къыдэкIуэтей щIэблэм ящIэну фыхуеймэ, лъэпкъ газетым Iэ тевдзэ.

Унагъуэм, еджапIэм анэдэлъхубзэр, шэч хэмылъу, щIэлъын, щызэрагъэщIэн хуейщ, ауэ абыкIэ ирикъуркъым. Тхылъхэр, газетхэр диIэн, телевиденэр, радиор лэжьэн хуейщ ди бзэмкIэ. Мис абы щыгъуэщ лъэпкъыр лъэпкъыу къыщызэтенэнур.

Епсэлъар **НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ.**

● Зэпеуэ

Анэдэлъхубзэм и быдапІэ

Гъатхэпэм и 3-м Налшык къалэм щекІуэкІащ «Унагъуэр анэдэлъхубзэм, хабзэм я хъумакІуэщ» республикэ зэпеуэм и КІэух Іыхьэр. КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм и къудамэу «ЕгъэджакІуэхэм я щІэныгъэм щыхагъахъуэ центрым» къыхилъхьа а зэхьэзэхуэм и ящэ Іыхьэхэр республикэм и щІыналъэхэм щекІуэкІащ. Абы щыщу кІэух Іыхьэм хэтыну зыхуагъэфащар унагъуихщ.

АДЫГЭБЗЭР зэрыгъэджыр егъэфІэкІуэныкІэ центрым и къудамэм и унафэщІ **Щоджэн Іэминат** я пашэу ягъэхьэзыра зэпеуэм хыхьэну хуитт курыт аджапІэм щІэс сабий зиІэ адыгэ унагъуэхэр.

Щоджэн Іэминат зэпеуэм теухуауэ жиІащ мы Іуэхумкіэ къалэну зыхуагъэувыжыр бзэр хъумэныр, ар щІэблэм егъэщІэныр унагъуэм зэрипщэрыльыр дэтхэнэ зыми хьэкъыу къыгурыгъэІуэныр зэрыарар.

Зым и дежкІи щэхукъым унагъуэ куэдым и анэдэлъхубзэр къызэрыщамыгъэсэбэпыжыр. КІуэдыр бзэм и закъуэкъым, абы докІуэщІ лъэпкъ хабзэмрэ гъэсэныгъэ дахэмрэ. Унагъуэм и къалэным, абы быным хилъхьэм куэд зэрелъытам и щыхьэтщ а махуэм утыку къраша унагъуэ дахэхэр. Къыхэгъэщыпхъэщ дэтхэнэми щапхъэ зытепхын хабзэфІ, зэхуцыытІкІу екІу къызэрыгъэльэгъуар.

Зэпеуэм ипкъ иткІэ, унагъуэхэм я деж анэдэлъхубзэм и мыхьэнэмрэ абы щыхуэм и ГъащІэм щигъэзащІэ къалэнымрэ теухуа упщІэхэм кърата жэуапхэм ущымыгугъІыкІынкІэ Іэмал иІэкъым. Адэ-анэхэм къыхагъэщащ зи анэдэлъхубзэр зыщІэ сабийхэм хабзэр нэхъыфІу зэрызыхалъхьар, щІэблэм гъэсэныгъэ тэмэм ягъэтынымкІэ зэрыщІэхьэпэр. Бзэ эыбжанэм акъылыр фІыуэ зэригъэлажьэм, анэдэлъхубзэкІэ япэу псэльэн щІэзыдза сабийм хамэбзэкэри тыншу зэризригъэщІэфым гу лъатауэ къагъэлъэгъуащ абыхэм.

Унагъуэ зэпеуэр Іыхьэ зыбжанэу гуэшауэ щытащ. Апэ Іыхьэм абыхэм видео теплъэгъуэ кІэщІкІэ къызэхуэсахэм зыкъырагъэщІыхури, я екъулІэныгъэхэм щытепсэльыхьащ, етІуанэм я нэхъыжьфІэмрэ я лІакъуэм къыхэкІа щІыхь щІэрыуэхэмрэ я гугъу щащІащ. Ещанэ Іыхьэм Іуэрыгуэтэр, адыгэ къуажэхьэр нэхъыфІу зыщІэр щызэхагъэкІащ. Еплъанэм унагъуэм исхэм я творческэ зэфІэкІыр щагъэнэІуащ. Етхуанэ Іыхьэм, «Нанэ и Пуантэ» фІэщыгъэм щІэтым, лъэпкъым ижь-ижьыж лъандэрэ къыдагъэзыгурыкІуэ хабзэхэм ящыщу езыхэм нэхъ я гу ирихьыр щагъэльэгъуащ.

КъэщпытакІуэ гупым хэтахэу - филологие щІэныгъэхэмкІэ кандидат **Инэлюкъуэ Вячеслав**, Щоджэнщыкіу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и артист пажэ, КъБР-м щІыхь зиІэ и артист **Хьэмырзэ Ахьмэд**, Нарткъалэ дэт сабий сад №5-м адыгэбзэмкІэ и егъэджакІуэ **Гулэжьн Маринэ** сымэ зэпеуэм кърикІуахэр ягъэнэІуну утыкум къыщихьам, абы хэта псори лъэпкъыр, щІналъэр щІэгушхуэн унагъуэу къыщІэрылытэр жаІащ. Зэхьэзэхуэм кърихьэлІакъэм и щыуагъэхэр ирагъэльагъужащ, дяпэкІэ абыхэм хуэсакъыньщІ.

КъэпытакІуэхэм зэдзарэзыуэ япэ увыпІэр Къэрэгъэш къуажэм къикІа Хьэмдэхъуэ я унагъуэм ираташ. ЕтІуанэ хъуахэщ Налшык щыщ Къэшэжхэ я унагъуэмрэ Дыгулыбгъуей дэс Хьыжьырокъуэхэ я унагъуэмрэ. Ещанэ увыпІэр зэдагъэушащ Къуэнхьэблэ щыщ Щоджэнхэ, Псыгуэнсу щыпсэу Гумэхэ, Кьщпэч къикІа ШыкІэбахъуэхэ я унагъуэхэм. Апэу утыку къыщихьам щегъэжьауэ иужьрей Іыхьэр зэфІэкІыху абыхэм гъэщІэгъуэн, щІэщыгъуэ, гупсысэ къызыхэпхьи куэд жаІащ.

Уи гуапэ мыхъуу къанэркъым мы зэпеуэм унагъуэхэм егупуу зэрызыхуагъэхьэзырар. Ар я фащэ, зыкъыщагъэльагъуэ Іыхьэм теухуа зыхуеину хьэпшып ирехъуи. ТІэунейуэ гуапэт нэхъыщІэхэм я Іуэхур даІыгъуу мыбы нэхъыжьхэр къызэрыхьыхар.

Мыхьэнэ инкІэ гъэнщІа «адыгэ унагъуэ» псалъэхэм я куагъэмрэ я дахагъэмрэ зэпеуэм хэтахэм ди фІэщ ящІащ. Апхуэдэуи иджыри зэ хьэкъ хъуащ лъэпкъым и псэр, абы и къэкІуэнур, анэдэлъхубзэм и быдапІэр адыгэ къуажэхэм зэрыщыІэр. Уи гур къыдрищІейрэ къэкІуэнум фІыкІэ ущызыгъэгугъ мыпхуэдэ зэхьэхьэхэр къызэзыгъэпэщахэм фІыщІэ ин яхуэфащащ. Мы Іуэхум адэкІи къыпащэну, зрагъэубгъуну дыщогугъ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

● Ди хъэщІэщым

БжьыфІэу, щэныфІэу фІыр я гум илъу

Газетеджэхэм гу лъатауэ къыщІэкІынщ щытхуэтхэхэм яхуэдэ дыдэу, зыщыгуфІыкІа гуэрымкІэ цІыхубэм ядэгуэшэну, зыгъэщхьажагъуэхэр гъэзкІуэжа зэрыхъунымкІэ къыдэчэнджэщыну редакцэм къыщІыхьа нэхъыжьхэм дазэрыщыгуфІыкІым. Псалъэжьми зэрыжиІауэ, апхуэдэ хьэщІэхэм дыщэм хэсым дефІэкІыу зыкъытщегъэхьуж.

КъЭСЕЙХЬЭЛЪ (Бахъсэнёнкэ) щыщ Гъубжокъуэ Хьэсэнбий «Адыгэ псалъэм» къытхуэзыша щхьэусыгъуэхэм я нэхъыщхьэр гъатхэпэм и 8-м ягъэльапІэ бзылъхугъэхэм я мурад ящІащ. Зым сехъуэхъумэ, адрейр къонэ, жиІэ щІыкІэу, Хьэсэнбийкъэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубз псоми хъуэхъукІэ захуигъэзэну мурад ящІащ, ди газетыр къигъэсэбэпу. Псалъэ дахэм къыдэкІуэуи, дызыхуэсакъыпхъэхэм, дызылъэ-мыІэсыжу тІэщІэкІынкІэ шынагъуэ лъэпкъ хъэлэр зэрыкІуэщІыну, адыгэ цІыхубз Іэщабэ-Іущабэкэр нэхъ мащІэ зэрыхъум къытхутепсэльыхьащ. Ди хьэщІэм зэрыжиІэмкІэ, абыкІэ къуаншагъэ зытехуэр телевизорымрэ интернетымрэщ.

«Ди цІыхубзхэр Алыхьым бжьыфІэу, щэныфІэу, фІыр я гум илъу бэм яхьыхьэрэ акъылкІэ къаухэкІыжыфу, илъэс куэдкІэ игъэпсэу! - мэхъуахъуэ нэхъыжьыр. - Ди жагъуэ зэрыхъущ, 1960-70 гъэхэм щыІа бзылъхугъэхэмрэ иджырейхэмрэ узэхуеплъымэ, фІыуэ зэщхьэщокІ. Нобэрейхэр зэрызыгъэхьар кино мыхъумыщІэхэмра американ рекламэмрэщ. Дыгъужь уІэгъэм ещхь мэхъу ди цІыхубзхэр, кІуэ пэтми. Зашхьыхьжу, япэм яхэлъа хьэл дахэмрэ щэнфІэгъэмрэ ядумылъагъужу апхуэдэхэщ. Ди телевиденэм кьит мыхъумыщІагъэхэращ ди щІалэгъуалэри щхьэлъащІэхэри зыуцІэплар. ЦІыхухъуэхэр яуберэжьу, кІуэцІакъуэку къегъэльагъуэри, апхуэдэу щытын хуейуэ къащохьу. Нэхъ пасэм псэуахэм яхлъа Іэдэбагъымрэ бэшэчагъымрэ щыІэжьхьым. ЦІхьэлъащІэу жумыІэжьфыну, мыхъумыщІагъэ куэд щадэплъагъу къохьу. Иджыпсту нэхъыбэр машинэм дагъэтІысхьэри яутІыпщащи, ахэр щхьэгъуэсм пхуедэзыужынукъым.

Ди цІыхубзхэм захъуэжаиуэ, щэныфІэ зыхуэжаиуэ, цІыхум акъылкІэ яхьыхьэрэ акъылкІэ къаухэкІыжыфу Алыхьым дигъэльагъуэ, езыхэри гъащІэ кІыхь Алыхьым ищІ! Ахэр тэмэму щытыхукІэ, цІыхухъум и дежкІи, быным и дежкІи насыпщ. Анэращ нэхъыбэу быныр зыгъасэр. Анэр мыхъумыщІэмэ, быныр хъуащІа ищІыфынукъым. Ипэм жаІэу щытащ: «Къуажэм хиута лІыр щхьэгъуэсм къыдекІыжыф, щхьэгъуэсм хиута лІыр къуажэм хьаухдэхьыкрыкъым».

Хьэсэнбий лейуэ щогугфІыкІ Хэку зауэшхуэм и лІыхъжь Къардэн Къубатий фэеплъ хуагъэувыну мурад зэращІам. «Уи лъэпкъым апхуэдэлІ къыхэкІынырщ гушхуэныгъэ хозыт Іуэхущ. Алыхьым езы Къардэнэхи, адыгэ псоми лъэпкъыр зыгъэпэжыфым апхуэдэ щІалэ куэд къарит».

ЧЭРИМ Марианнэ.

● УФСБ-м къет

Къыумылэжьар хьэлэлкъым

Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыІэмрэ КъБР-м щыІэ МВД-мрэ я лэжьакІуэхэм экономикэ щІэпхъаджагъэхэм пэщІэтыныныкІэ Іуэхуэхэр щрагъэкІуэкІым къызэпаудащ «Лэскэн ЕтІуанэ къуажэм и курыт еджапІэ» муниципальнэ кІэзонэ Іуэхуэщ1апІэм и бухгалтерым зэрихьэ хабзэншагъэр, бюджет мылъкур дыгъуным пыщІар.

АБЫ и къулыкъур къигъэсэбэпри, улахуэм ехьэлІа реестрым хьыбар нэпцІкэр къыщигъэльагъуэрэ сом 1 мелуаным щІигъу зыкІэщІмупщІащ.

Уголовнэ Іуэху къаІэтащ УФ-м и УК-м и 159-нэ статьям и 4-нэ Іыхьэм къыщыхьа щІэпхъаджагъэхэр и лъабжьэу. Апхуэдэу хабзэм ебэкъуар илъэси 10-кІэ ягъэтІысынкІэ мэхъу.

«Автозапчасть»-р чемпионщ

● Футбол

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и щІымахуэ чемпионатым и гуп нэхъыщхьэм блэкІа зыгъэпсэхугъуэ махуэхэм зи чэзу зэІуцІэхэр щызэхатащ. Зэхьэзэхуэр иухыным зы джэгугъуэ къэнэжауэ япэ, етІуанэ увыпІэр къэзыхьахэр ягъэбелджылащ.

ЗЫМИ иджыри къэс химыгъэщІэфа Бахъсэн и «Автозапчасть» командэр чемпион хъуащ. Ар Алъгуд и «Искра»-м 4:1-уэ иужьу текІуащ. Нобэр къыздэсым мы щІымахуэ чемпионатым очкоитІ фІэкІа фІэкІуэдакъым бжьыпэр зэпымыууэ зыІыгъа, япэ увыпІэр къэзыхьа гупым. Абы къишыгэмыщІауэ, зэІущІэ 14-м топ 59-рэ къыпэщІэтахэм я гъуэм дигъэкІыфынкІэ хуэзфІэкІащ. «Тэрчым» и гуащІэхьэхъуэмэхэр нэхъ быдзу къыщІэкІащ.

ЕтІуанэ увыпІэр Зеикъуэм и «Шагъдийм» иубыдащ. ЗэкІэ мы командэм очкоиплІ фІэкІуэдауэ араща, ауэ иужь зэІущІэм дэпхуэдэу джэгуами, етІуанэ увыпІэм щыту зэхьэзэхуэр иухынущ. 4:0-уэ ящІа «Ислъэмейр» хигъэщІащ. Ещанэр къэзыхьар зэкІэ наІуэ къэхъуащ. Зы текІуэныгъэрэ зэрытемыгъакІуэу зы зэІущІэрэщ зэрыгушхуэну иІэр адрей джэгугъуэ 12 щыхагъэщІа икІи иужь дыдэ увыпІэм къыщыІэзтеувыІа Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и командэм. Абы гуп щхьэхуэхэр ебгынэ.

Иужьрей зэІущІэхэм къыхэбгъэщ хъунущ джэгугъуиплІыр 0:0 бжьыгъэкІэ зэриухар. Апхуэдэу зэдэджэгуахэщ «**Тэрч**» (Тэрч) - «**МАХ**» (Малкэ), «**ХьэтІохъущыкъуей**» (ХьэтІохъущыкъуей) - «**ГорИс**» (Налшык), «**Бабугент**» (Бабугент) - «**Спартак-Д**» (Налшык), «**Псыгуэнсу**» (Псыгуэнсу) - «**Мурбек-ФШ**» (Налшык) командэхэр.

Адрей зэІущІиплІым топищ нэхъ мащІэ гъуэм щыдгъэкІа къыхэкІакъым. ТІум дытепсэльыхьащ, адрейхэр мыпхуэдэу иухащ: «**Локомотив**» (Налшык) - «**ШэджэмЕ-2**» (ШэджэмЕтІуанэ) - 3:0, «**КъБКъУ**» (Налшык) - «**Инал**» (Къэрэгъэщ) - 3:4.

ДызыхуэкІуэ щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ кІэух зэІущІэхэр зэхэтынущ. Зэдэджэгунухэр «Ислъэмей» - «МАХ», «Шагъдий» - «Инал», «Тэрч» - «Искра», «КъБКъУ» - «Спартак-Д», «Автозапчасть» - «Мурбек-ФШ», «Бабугент» - «ШэджэмЕ-2», «Псыгуэнсу» - «ГорИс», «Локомотив» - «ХьэтІохъущыкъуей» гупхэр.

ШАФИЙ Аслъэн.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и гуп нэхъыщхьэм щІымахуэ чемпионатыр зэрыщекІуэкІыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1.	«Автозапчасть»	14	13	1	0	59-12	40
2.	«Шагъдий»	14	12	1	1	46-10	37
3.	«ГорИс»	14	8	4	2	36-23	28
4.	«Искра»	14	8	2	4	36-15	26
5.	«Тэрч»	14	7	4	3	32-9	25
6.	«МАХ»	14	6	3	5	20-17	21
7.	«Шэджэм-2»	14	6	0	8	20-35	18
8.	«Ислъэмей»	14	5	3	6	26-28	18
9.	«Мурбек-ФШ»	14	5	2	7	17-31	17
10.	«Бабугент»	14	4	3	7	15-26	15
11.	«ХьэтІохъущыкъуей»	14	4	3	7	16-28	15
12.	«Локомотив»	14	4	2	8	19-34	14
13.	«Спартак-Д»	14	3	4	7	23-23	13
14.	«Псыгуэнсу»	14	3	4	7	18-33	13
15.	«Инал»	14	3	3	8	21-39	12
16.	«КъБКъУ»	14	1	1	12	15-24	4

ЩІэблэр яущий

Къэбэрдей-Балъкъэрым щекІуэкІ «Ди сабийхэм я узынщагъэмрэ щынагъуэнщагъэмрэ папщІэ» мазэ лэжьыгъэр иухащ. А зэманым къриубыдэу абы хэтащ класс нэхъыжьхэм щІэс 7000-м щІигъу.

КъБР-м щыІэ МВД-м и Наркотикэр зэрызэрагъакІуэм кІэлъыплъыныныкІэ и управленэмрэ Налшык къалэм и УМВД-м балигъ мыхъуахэм я Іуэхухэмкіэ и Іэнатіэхэмрэ, Налшык къалэ администрацэм Егъэджэныгъэмкіэ и департаментымрэ ЩІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и управленэмрэ республикэм Узынщагъэр хъумэныныкІэ и министерствэм и Наркологие диспансеримрэ ящІыгъу, Налшык дэт курыт еджапІэ №№ 21, 33-хэмрэ «Успех» егъэджэныгъэмкІэ центрымрэ адэ-анэхэмрэ школакІуэхэмрэ я зэхуэсхэр щрагъэкІуэкІащ акцэм ипкъ иткІэ. Зэпкърыхауэ абыхэм щытепсэльыхьащ наркотикхэкІхэр, акъылыр зыгъэутхъуэ пкъыгъуэхэр игъэкІыным зэрыпэщІэтыпхъэм, терроризмэмрэ экстремизмэмрэ, балигъ мыхъуахэр хабзэншагъэ Іуэхуэхэм хашэныр къэбгъэхъу зэрымыхьурым.

Іуэхуэхэм хэтащ КъБР-м щыІэ МВД-м и Жылагъуэ советым хэт, Налшык къалэ окъругым и благочиннэ протоиерей Бобылёв Валентин, щэнхабзэмрэ гъуэзджэмрэ я лэжьакІуэ, спортсмен, тренер щІэрыІуэхэр, республикэм и жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лІыкІуэхэр. ЗэІущІэхэм щытепсэльыхьащ къытщІэхъуэ щІэблэр хэкупсэу гъэсэныр, къыгъэльэгъуащ Хэкум хуэпэжыным теуухуа документальнэ фильмхэр. Езы школакІуэхэр жыджэру хэтащ къаІэта Іуэхуэхэм.

Адэкіэ хьэщІэхэм школакІуэхэм ягу къагъэкІыжащ наркотикхэкІхэмрэ акъылыр зыгъэутхъуэ пкъыгъуэхэмрэ игъэкІыным адміністративнэ уголовнэ Іуэхум уэрыхуиншэр, зэпкърыхауэ тепсэльыхьащ апхуэдэ пкъыгъуэхэр Іэпкльпэпкъым зэрегуаум, гулъытэншэу къэнакъым фадэмрэ тутыныкъэ яплъ зэраныгъэри.

УАРДЭ Жантинэ.

ЩІэблэр яущ

Къэбэрдей-Балъкъэрым щекІуэкІ «Ди сабийхэм я узынщагъэмрэ щынагъуэнщагъэмрэ папщІэ» мазэ лэжьыгъэр иухащ. А зэманым къриубыдэу абы хэтащ класс нэхъыжьхэм щІэс 7000-м щІигъу.

КъБР-м щыІэ МВД-м и Наркотикэр зэрызэрагъакІуэм кІэлъыплъыныныкІэ и управленэмрэ Налшык къалэм и УМВД-м балигъ мыхъуахэм я Іуэхухэмкіэ и Іэнатіэхэмрэ, Налшык къалэ администрацэм Егъэджэныгъэмкіэ и департаментымрэ ЩІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и управленэмрэ республикэм Узынщагъэр хъумэныныкІэ и министерствэм и Наркологие диспансеримрэ ящІыгъу, Налшык дэт курыт еджапІэ №№ 21, 33-хэмрэ «Успех» егъэджэныгъэмкІэ центрымрэ адэ-анэхэмрэ школакІуэхэмрэ я зэхуэсхэр щрагъэкІуэкІащ акцэм ипкъ иткІэ. Зэпкърыхауэ абыхэм щытепсэльыхьащ наркотикхэкІхэр, акъылыр зыгъэутхъуэ пкъыгъуэхэр игъэкІыным зэрыпэщІэтыпхъэм, терроризмэмрэ экстремизмэмрэ, балигъ мыхъуахэр хабзэншагъэ Іуэхуэхэм хашэныр къэбгъэхъу зэрымыхьурым.

Іуэхуэхэм хэтащ КъБР-м щыІэ МВД-м и Жылагъуэ советым хэт, Налшык къалэ окъругым и благочиннэ протоиерей Бобылёв Валентин, щэнхабзэмрэ гъуэзджэмрэ я лэжьакІуэ, спортсмен, тренер щІэрыІуэхэр, республикэм и жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лІыкІуэхэр. ЗэІущІэхэм щытепсэльыхьащ къытщІэхъуэ щІэблэр хэкупсэу гъэсэныр, къыгъэльэгъуащ Хэкум хуэпэжыным теуухуа документальнэ фильмхэр. Езы школакІуэхэр жыджэру хэтащ къаІэта Іуэхуэхэм.

Адэкіэ хьэщІэхэм школакІуэхэм ягу къагъэкІыжащ наркотикхэкІхэмрэ акъылыр зыгъэутхъуэ пкъыгъуэхэмрэ игъэкІыным адміністративнэ уголовнэ Іуэхум уэрыхуиншэр, зэпкърыхауэ тепсэльыхьащ апхуэдэ пкъыгъуэхэр Іэпкльпэпкъым зэрегуаум, гулъытэншэу къэнакъым фадэмрэ тутыныкъэ яплъ зэраныгъэри.

УАРДЭ Жантинэ.

ПцІым узыхуишэр

● КъБР-м щыІэ МВД-м къет

Урысей МВД-м и къудамэу КъБР-м и Май районым щыІэм и Следственнэ Іэнатіэм судым игъэхьащ ухуакІуэ фирмэм и унафэщІым теухуа уголовнэ Іуэхур.

ЗЭРАУБЗЫХУАМКІЭ, 2019 гъэм и щэкІуэгъуэ - дыгъэгъазэм Іуэхущ1апІэм и унафэщІым Май къалэмрэ Октябрьскэ къуажэмрэ я administрацэхэм контракти 3 ярищ1ыпІащ жылагъуэ щІыналъэхэр зыхуэй хуэгъэзэным теухуауэ. Лэжьыгъэхэм сом мелуани 3,4-м щІигъу текІуэдэну яубыхуат.

Хуэныгъэхэр щригъэкІуэкІым, лэжьыгъэм пэрыувам къигъэсэбэпащ дэфтэрэхэм къыщыгъэльэгъуаэхэм темыхуэ, фІагъ зимыІэ, ахъшэшхуэ зытемыкІуадэ материалхэр. Къинэмыщ1ауэ, фирмэм и унафэщІым къагъэсэбэпа ухуэныгъэ материалхэм, ягъэзэщІа лэжьыгъэхэм теухуа хъыбар нэпцІкэр къыщыгъэльэгъуауэ актэр итхащ.

А тхьилъхэр цІыхухъэм зэгурыІуэныгъэ зрищІыпІахэм яхуигъэхьащ икІи сом мелуани 3,4-м щІигъу къыІэрыхьащ, ауэ абы щыщу сом мин 437-рэщ хуэзэр зэфІагъэкІа лэжьыгъэхэм.

Ягъэкъуаншэм щІыпІэр имыбгынэну хуагъэуващ.

НаркотикхэкІхэр къытрах

Мы гъэм мазаем и 24-м и пщыхьащхьэм «Урыху» ФКПП-м деж къалэныр щезыхьэкІ Урысей МВД-м и хабзэхъумэхэм гу лъатащ икІи шэч хуащІащ лъэсырыкІуэ щІалэщІэм. Полицэм и лэжьакІуэхэм абы и дэфтэрхэм щеплъэм, езыр къыщащым и жылым юхрахащ мл 1,2-рэ хъу псыгагъ къхуэущиныфэ зэрыт шприцитІ.

КЪЫЗЭРЫЩІэКІАМКІЭ, ар илъэс 26-рэ хъу, нэхъапэм суд зытращІыхьа, РСО - Алание щыпсэурщ. Ар Урысей МВД-м Лэскэн районым щиІэ къудамэм Іэхур зэхагъэкІын папщІэ яшащ. Щ1ыкІэлъпІэ-щыблагъэкІ пунктым полицэм и лэжьакІуэхэм ар къыщапщытэм, абы аргуэру къыкъуахащ изоленті зэмыфэгъуэхэр зэІэкІа, хьэжахэкІ пкъыгъуэ хуэжьхэр зэрылъ зэкІуэлышыхьауэ 195-рэ.

Йубыдам зэрыжиІамкІэ, абыхэм ярылът наркотикхэкІхэр икІи КъБР-м и Бахъсэн районым гъэтІылъпІэ щэхум щызыІэригъэхьат, иужькІэ Осетие Ищхъэрэ - Алание щригъэкІыну.

Экспертхэм къызэралъытамкІэ, къытрахар грамм 71,24-рэ хъу «героин» наркотикхэкІщ.

Щэч зыхуащІым теухуа уголовнэ Іуэху къаІэтащ. Ар ябыдауэ я нэІэ тетщ.

ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.

«Къэбэрдей-Балъкъэр» Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Редколлегием хэтхэр:

Жьэкіэмыхъу Маринэ (унафэщІ-редактор), Ширдий Маринэ (унафэщІ-редактор), Къаншокъуэ Эллэ (жэуап зыхь секретарь), Къардэн Мариторэ, Къумахуэ Аслъэн, Нэщ1эпыдж Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ1 Иэз.

ТЕЛЕФОНХЭР:
редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19;
унафэщІ-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33;
жэуап зыхь секретарым - 42-22-82;
секретариатым - 42-22-66.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитныныгъэ хъумэныныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм ятхащ
ПИ № ТУ07-00117-м щІэту.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщІэта Іуэхуэныгъэхэм я пэжагъэмкІэ аэрэ зытхаэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху елъэкІыр зэтехуэ зэпыту щытыкъым.

КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ.
Сурэтхэм елэжьар Бицу Жанэщ.

КъыдэзыгъэкІхэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр: 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.705
Заказыр №481
12+

МЫ КЪЫДЭКІЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:
жэуап зыхь секретарым и къуадзэ Дыщ1экІ Соня, корректорхэу Нэужьокъуэ Заирэ (2, 3-нэ нап.), Инэрокъуэ Азэмэт (1, 4-нэ нап.).

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтІыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ.